ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№181 (22.589) • 2013 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 18, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэралъ къулыкъущIапIэхэм

# КъБР-м и IэтащхьэмПравительствэм хэтхэм яхуигъэуващ зэIубзу лэжьэну

**Иужьрей зэманым кадрхэм я лъэныкъуэкIэ зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр зэрыщыIам кьыхэкIыу, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и делегациу езыр зи пашэр Италием къызэрикIыжу Кьанокъуэ Арсен зэхуишэсащ Правительствэм хэтхэр, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я Iэтащхьэхэр. КъБР-м и законодательствэм иджыблагъэ халъхьа зэхъуэкIыныгъэхэм яныкъ ипкIэ, республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ыр и къулыкъум щытекIым и дежи зэрыщыту Правительствэр IуагъэкIыркъым. Абы кьыхэкIыу министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщIхэр я IэнатIэхэм кьытенащ.**

«ПРАВИТЕЛЬСТВЭМ хэтхэм сыныволъэIу лэжьыгъэр къэвмыгъэтIэсхъэну, уеблэмэ нэхъ фегугъуу фыIэжьэну. Правительствэм и Унафэщ1ыр и кьулыкъум пэрыувэху, абы и кьалэнхэр игъэззэщIэнущ ягъэ вице-премьер Марьяш Ириней Евгений и пхъум. Правительствэм хэт дэтхэнэ зыми хэзыгъэув кьыбгъэдэхуэ Iуэхуэхэр нэху зэфIигъэкIыну», - жиIащ Кьанокъуэ Арсен. Абы кьыдэкIуэу КъБР-м и Iэтащхьэ жиIащ дэтхэнэ зыми кьыпэщ1ыт кьалэнхэр гъэззэщIэныкIэ ихь жэуапIныныгъэр къэIэтыным хуэунэтIа Iуэху зыбжанэ зэфIагъэкIыну зэрамурадыр. «Хуэдгъэува пщэрылъхэр и зэманым зэфIэзымыгъэкIхэм зэрахъуэфащэкIэ дабгъэдыхьэнущ», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЗэIущIэр здекIуэкIым КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и кьэпщытакIуэ управленэм Кьанокъуэ Арсен кьалэн щиIащ министрхэмрэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэмрэ яныщу хуагъэува пщэрылъхэр гъэзэщIэныр Iэпэдзгъэлэд зыщIхэм ятеухуа хьыбарыр езым Iэрагъэхьэну. «Фэри фи лэжьакIэр вгъэтэмэм, ныкъусаныгъэ псори кьыщежьэр езы ведомствэм и дежщ. Фи лэжьакIуэхэм яхь жэуапIныныгъэр къэфIэт. Зи кьалэнхэм емыгугъуэхэр, щIыхуэхэр кьызыфIэмыIэхуэхэр я IэнатIэхэм IугъэкIыин хуейщ. Псом хуэмыдау ткIийуэ яб-гъэдыхьэпхъэщ кьулыкъущIэ зыкьыказыфIэщIыжахэм, - къыпищащ адэкIэ КъБР-м и Iэтащхьэм. - Дэ ди кьалэныр щIыхуэхэм дахуэлэжьэнырщ. Зыми хуитныгъэ иIэкьым абыхэм я Iуэхуэхмрэ гугъуехьхэмрэ кьримыдзэу и кьулыкъум бгъэдэтыну. Дэ иджыри диIищ щIыхуэхэр лъэIукIэ тхьэмахуэ бжыгъэкIэ зыбгъэдэмыхьэф кьулыкъущIэхэр».

Кьанокъуэ Арсен кьызэхуэсахэм ягуригъэIуащ мы гъэми кьыкIэлыкIуэ ильэсми ахьшэр зэгъэззэхуэн зэрыхуейр: «Социальнэ IэнатIэм лэжьапIэр щIыхэдгъэхьэну зэрызыхуэдгъэувыжар кьэплыгъэм, дэ бюджет ахьшэр кьызэрыздгъэхуэным демыгугъуу хьунукъым. Ар зыщ1ымыгъэгъупщэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.*

*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

# Къэралым и шэсыпIэкIэ

**2013 гъэм къэралым и шэсыпIэкIэ дэIэпыкъуныгъэ къратын папщIэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къыбгъэдэкIыу ягъэлъэгъуа проектэ 6-м щыщу Урысей Федерацэм Щ1ынатIэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм кьыхиха проектитIым языхэзщ джэдкъазыту тонн 50560-рэ къыщалэжьыну комплекс Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхуэныр. Апхуэдэу къыджиIащ КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмкIэ и министерствэм инвестицIэ политикэмкIэ и къудамэм и унафэщI Мэт Анзор.**

«КЪЭРАЛ шэсыпIэхэр кьыIахын папщIэ УФ-м ФинансхэмкIэ и министерствэм ягъэхьащ «Юг-Агро» ООО джэдкъаз комплексым и документ псори. ТхьилъмпIэхэр пхыгъэкIыным пыщIа Iуэхуэхэр мы гъэм кьрнубыдэу зэфIэкIын хуейщ, - жиIащ абы.

Мы Iуэхущ1апIэм хиубыдэ ухуэныгъэ псори зэпыщIауэ, зы технологиер я лъабжьэу икIи зы программэм тету лажьэу щытынущ. Гъэ кьэс абы бройлер джэдылу тонн 18670-рэ, гуэгушыну тонн 11980-рэ кьилэжьынущ.

Предприятэм и продукцэр рынокым тэмэму щ1ыпхыкIыну кьалъытэ, абы иджырей технологие нэхъыфIхэр кьыхэзрыщагъэсэбэпынум кьыхэкIыу. А псоми кьадэкIуэу, мы проектым мыхьэнэшхуэ иIэнущ республикэм щ1ыпсэу кьыхэзрыгуэкI щ1ыхуэхэм я дежкIи. Абы ипкъ иткIэ ику иту мазэм улахуэу сом мин 25-рэ хуэдиз кьызыпхэкIуэ лэжьапIэ IэнатIэу 908-рэ кьыхэзрагъэпэщынущ. Лажьэу яутIыпщэ ноужь, ильэситхум кьриубыдэу абы бюджетым и IэнатIэ псоми сом мелуан 665-м нэблагъэ хилъхьэнущ.

«Юг-Агро» ООО проектыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къэралым и шэсыпIэкIэ щ1ыпхагъэкIа етIуанэ проектщ. 2012 гъэм и бадзэуэгъуэ мазэм къэралым и шэсыпIэкIэ сом мелуан 367,5-рэ «Севкаврентген-Д» предприятэм хухахауэ щытащ, бжыгъэхэр зи лъабжьэ медицинэ рентген техникэ кьыщ1эгъэкIынырэ зэтегъэуэвэн папщIэ.

**КЪЭРЭЩЕЙ Элеонорэ.**

● Шэрэдж щ1ынатIэ

# Бжьыхьэсэм щIадзэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщ1эхэм къапэщылъ лэжьыгъэхэм я нэхъ гугъу лъэхъэнэм щIидзащ. Абыхэм епIэщIэкIыну щ1ыр бжьыхьэсэм хуагъэхьэзыр, сэгъуэр и чэзум зэфIагъэкIын папщIэ. Бжьыхьэсэр ягъэ зэтезыублахэм ящыщщ Шэрэдж районыр.**

- Ди мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэ къэкIыгъэхэр щIым хэгъэззэгъэн щIадзащ. Жылапхъэр гектар 2300-м хагъэззэгъэнущ. Рапсыр гектар 200-м трасакIащ. Хьэр зытращIэну щIы гектар 500-р абы хуагъэхьэзыращ, - жеIэ Шэрэдж муниципальнэ куейм мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ и управленэм и унафэщI Ульбашев Хьэсэн.

Мы гъэм районым бжьыхьэсэу тонн 5458-рэ кьыщрахьэлIэжащ. Гуэдау зы гектарым хуэззу центнер 32-рэ, хьэуэ центнер 29-рэ кьытрахащ.

**ТЕРКЪУЛ Муратэ.**

● Гъуаздж э

# Налшык щызэхуос

**ФокIадэм и 23 - 26-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр гуфIэгъуэ утыкуэхуэ хъунущ: Налшык щекIуэкIыныщ Ищхъэ федеральнэ щIынатIэм гъуазджэхэмкIэ и лэжьакIуэхэм я «Кавказым - мамырыгъэ» фестивалым и XVI зэхуэсыр. Абы хэтынущ Кавказ Ищхъэрэм и республикэ псоми, Волгоград, Ростов областхэм, Краснодар крайм, Къалмыкъ, Абхъаз, Осетие Ищхъэ республикэхэм я уэрэджьыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ.**

КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм зыхуеГъэхьэзыр хъэщIэхэр кьызэрыригъэблэгъэнум. Республикэхэм я пщIэр зэхьыхьэм щаIэтынущ щIыпIэ куэдым цIэрыIуэ щыхъуахэу «Молодость Дагестана», «Тюльпан», «Ингушетия», «Ислъэмей», «Шаратын» гупхэм, нэгъуэщIхэми.

Апхуэдэуи Налшык и утыкушхуэхэм щагъэлъэгъуэнущ пхъэм, мывэм, ятIэ гъэжьам, нэгъуэщIхэм хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр кьыхэзыщIыкI цIыху IэпщIэлъапщIэхэм я Iэрыкъ Iэхэр.

Фигу кьэдгъэкIыжьнщи, мы фестивалыр Къабардей-Балъкъэрым 2001 гъэм щекIуэкIауэ щытащ. Махуэшхуэр иджыри ди деж щегъэкIуэкIыным теухуа жэрдэмыр ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан «Кавказым - мамырыгъэ» фестивалым и XV зэIущIэр щекIуэкIа Краснодар крайм и Анапэ къалэм къыщыхилъхьауэ щытащ. Иджы хьэщIэхэр Налшык къыхуеблэгъэнущ.

**ГЕРАСИМОВЭ Риммэ.**

● Аруан щ1ынатIэ

# Зы мазэкIэ нэхъ пасэу

**Ягъэува пIалъэм и пэ кьихуэу гъэплыгъуэ лъэхъэнэм Аруан районым зыщыхуагъэхьэзыращ.**

- ДИ ЛЭЖЬАКIУЭХЭМ кьалэн ящытщат хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ ухуэныгъэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ зэманым зы мазэкIэ нэхъ пасэу кьызыхуэтынщэу хуагъэхьэзырынуи, ар хъарзынэу зрагъэхьулIащ, - жеIэ «Аруанхуабэсервис» ОАО-м и унафэщI Жамборэ Асхэрбий.

Хьэкуэхэм, хуабэ гуэшыпIэхэм я щытыкIэр егуГуу кьапщытащ, зэрагъэпэщыжащ, котельнэ 30 зыхуей хуагъэзащ, Iэмэпсымэхэр зэтраухуащ. Фэтэр куэд хъу псэупIэ 44-м я унэ кIуэуI бжьамийхэм я лэжьэкIэм кIэлыплъащ, кьагъуэта дертхэр зэрагъэзэхуэжащ.

КъБР-м Техникэ кIэлыплъныныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и комиссэр псэуалъэхэр гъэплыгъуэ гъэхьэнэм зэрыхуагъэхьэзырам арэзы техьуащ икIи зыхуэфащэ тхыльхэм (актхэм) Iэ щIидзащ.

**СОКЪУР Риммэ.**

IУЛЪХЬЭ зэрызэIэпахым, коррупцэм пыщIа Iуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теухуа хьыбархэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и деж щыIэ 8 (8662) 47-17-79, 47-32-56 телефонхэмкIэ.

## Процент 30-кIэ нэхъыбэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир Краснодар крайм щриГъэкIуэкIащ гъэвэр Iуэхыжьным теухуа зэIущIэ. Къэрал Унафэщ1ыр щыIащ Усть-Лабинск щ1ынатIэм и губгъуэхэм ящыщ зым икIи абы нартыхур зэрыщыIуэхыжьым щыгъуэз зищIащ.**

«Кубань» мэкъумэш Iуэхущ1апIэшхуэм и генеральнэ директор Уланов Анатолэ зэрыжиIамкIэ, я щIым мы гъэм бэварышхуэ кьыгтрах - зы гектарым хуэззу центнерн 100 хуэдиз. «Ар нэгъабэ кьыдэхъуIам еплъытмэ, процент 30-кIэ нэхъыбэ кьытокI», - жиIащ абы.

Мы гъэмахуэр зэрыуэлбанэрилар къэплъытэмэ, ар екъуIэныгъэщхуэу зэрыщыгтыр кьыхихъэщащ Краснодар крайм и губернатор Ткачёв Александр.

## Щ1ызэгурымыIуэхэр мащIэкъым

**Урысейм Щ1ынигъэхэмкIэ и Академием и лэжьыгъэм хальхъэну я мурад зэхъуэкIыныгъэхэм ягъэуха законопроектым иджыри щытопсэльыхь Къэрал Думэм. Абы етIуанэ кьеджэгъуэу хэплъэн хуейуэ кьалыгтэри, дыгъуасэ ирагъэгъэзэжащ.**

Хабзэубыдыху орган нэхъыщхьэм Щ1ынигъэмкIэ и комитетым кьалэн щащIащ абы иджыри елэжьыжу депутатхэр хэплъэн хуэдэу кьыхальхьыну. Комитетым и унафэщIым и къуэдзэ Чепа Алексей зэрыжиIамкIэ, комитетым и зэIущIэм щыхэплъащ зэхъуэкIыныгъэ 29-м.

«Абыхэм я нэхъыбэр кьыхэзылъхьар Щ1ынигъэхэмкIэ академие нэхъыщхьэм, медицинэ, мэкъумэш хозяйствэмкIэ академиехэм я щIэныгъэлIхэрщ. ЗэхъуэкIыныгъэ зыбжанэм теухуауэ зэгурымIуэкъым щIынигъэлIхэрщ. ЗэхъуэкIыныгъэ зыбжанэм теухуауэ зэгурымIуэкъым щIынигъэлIхэрщ. Иджы дэ лэжьыгъэшхуэ кьытпэщылъщ - ди Iуэху еплъыкIэхэмкIэ дызэхъуажэу, лъэныкъуэхэр арэзы зытехьуэн унафэ къэтщтэн хуейщ», - жиIащ Чепа.

Нэхъыщхьэу щIызэныкъуэкъухэм, жуап зрамытыфхэм я ящыщ мы упщIэр: Урысейм Щ1ынигъэхэмкIэ и академием и унафэр зыщIынур хэт - Правительствэра хьэмэрэ Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэра? Щ1ынигъэIхэмрэ депутатхэмрэ щIыхэдгъэуэну нэгъуэщI куэди хэльщ мазэ зыбжанэ ипкIэ кьыхалъхьа мы Iуэхум.

## Автомобиль-кхъухьлъатэ

**Америкэм щыщ Висконсин штатым хьыкIэ Ошкош кьалэ щыкIум иджыблагъэ щекIуэкIа авиасалоным щагъэлъэгъуащ автомобиль-кхъухьлъатэ.**

Дакъикъэ тIощIкIэ уэгум ити кьэтIысыжа нэужьи абы кьигъэлъэгъуащ щIыхуэм икъукIэ тельыджэ кьащ1ыхьуа зэфIэкIхэр. КъыщытIысыжым абы и дамэхэр «зэщIикъуэжри», кьызэрыгуэкI машинэ хьужащ.

Автомобиль-кхъухьлъатэр эпкърыхьлъхьахэм шэч кьытрахьэркъым абы щIэупщIэшхуэ зэриIэнум. Псом хуэмыдау автомобиль куэд дыдэ кьалэ уэрамхэм щыщ1эзтрихьэ ди зэманым. Псалъэм папщIэ, гъэзэгу апхуэдэ лъэпощхьэпIо щрихьэлIэмэ, зиIэту километр бжыгъэкIэ эпыува машинэхэм ящхьэпрылъэтыфынущ ар икIи щIыхуэ зыхуей щIыпIэм псынщIэ дыдэу нигъэсфынуц.

## НОБЭ

■ Чили Республикэм и лъэпкъ махуэшхуэщ - щхьэхуит щыхъуар (1810 гъэ) егъэлъапIэ.

■ Азербайджаным щагъэлъапIэ лъэпкъ макъамэм и махуэшхуэр.

■ 1929 гъэм СССР-м ягъ комбайнхэр, «Коммунар» зыфIащахэр, къыщIигъэкIыу щIидзащ.

■ Шэрджэс тхакIуэ **Хьэбэчыр БетIал** кьызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

■ КъБР-м и щIыхуб артисткэ **Мэшыкъуэ Феня** кьыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 20 - 23-рэ, жэщым градус 15 - 16 щыхьынущ.

*Зыгъэхьэзырыр* **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Мариноэ.**

Лъэпкъ Iуащ1ыгъэ:

**Къуэр унэм и пкъощ, пхъур унэм и щIэращIэщ.**

# Адыгэшыр ягъэлъапIэ

● Къуэнхьэблэ деж

*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къуэнхьэблэ (Къулъкъуэжьи Ищхъэрэ) къуажэм и бгыщхьэ щыпIэ дахэм фокIадэм и 15-м щыгъажэщхуэ щекIуэкIащ. Ар кьызэрагъэпэщащ «Шы зыгъэхъухэмрэ адыгэш лъэпкъыр фIыуэ зыльагъуэмрэ я Урысейпсо зэгухьэныгъэм» и жэрдэмкIэ. Абы хэташ республикэм и жылагъуэхэм щыщхэр, нэгъуэщI къэралхэм кьикIа хьэщIэхэр, Бахъсэн районым и унафэщIхэр, шы Iуэхум кьэд хэзыщIыкIхэр. Зэпеуэм щагъэджэгуащ «Къулъкъужьыным и призыщхэмрэ» Адыгэш лъэпкъыр фIыуэ зыльагъуэм я ассоциацэм и саугъэтымрэ. Къыщынэмыщ1ауэ, езы къуажэм щыщ лъэпкъхэри мы Iуэхум жыджэру хэташ. Абыхэм саугъэт щхьэхуэхэри ягъэуващ. Къужэгъунблми щытекIуахэр ягъэпэжащ.

Шыгъажэшхуэм теухуа тхыгъэ зыубгъуа ди газетым тетынущ.

**ХЬЭЖЬКIЪАРЭ Алик.**

## Газетхэмрэ журналхэмрэ къезыгъэхьхэм гу зылъатапхъэ

«Урысейм и пощт» федеральнэ къэрал Iуэхущ1апIэ зэгуэтым и къудамэм - КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэм 2013 гъэм фокIадэм и 1-м къызэIуихащ 2014 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм газетхэмрэ журналхэмрэ я щIегъэдзыныр. Абы папщIэ дэтхэнэри пощтым и Iуэхущ1апIэ щхьэхуэхэм, почтамтхэм екIуалэ хьунущ. Абыхэм я лэжьакIуэхэм фэ нэхъ фигу ирихь газетхэмрэ журналхэмрэ унэм ныфхуэхьынущ, апхуэдэу ахэр пощтым и Iуэхущ1апIэхэми къыщеIыфхьыж хьунущ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къеВгъэхьын папщIэ фызыхуей псори кьыщыфщIэ хьунущ пощтым и лэжьакIуэхэм я деж.

*КъБР-м Федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и управленэ.*

## «Адыгэ псалъэ» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ!

**Ди щIэдзкIакIуэ лъапIэхэ!**

**Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 403-рэ кIэпIейкIэ 32-рэ.**

**«Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Iуэхущ1апIэ псоми.**

**Ди индексыр 51531**

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым теухуа Положениэу Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м кыдигъэкIа Указ №138-УП-мкIэ кьиштам зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ**

# Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым теухуа Положениэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президентым 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 3-м «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэр зэрырагъэкIуэкIым теуху Положениэр къэщтэным и Iуэхукlэ» кыдигъэкIа Указ №138-УП-мкIэ кьиштам мы кьыкIэлыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) зыхуэфащэ падежэм игу зэдыщIэкIыу Положениэм хэт «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Президент» псалъэхэр зэхъуэкIын зыхуэфащэ падежэм и ит «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ» псалъэхэмкIэ;

б) пункт 1.2-м хэт «№375-м щIэту 1996 гъэм гъатхэпэм и 12-м» псалъэхэр зэхъуэкIын «№1478-м щIэту 2011 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м» жиIэу;

в) пункт 1.3-м абзацыщIэ дэщIыгъуэкIи, мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу иту:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къэрал щIыб зэпыщIэныгъэхэр ирагъэкIуэкI Урысей Федерацre и суверенитетымрэ щIыналъэр мыгугъу щытыныжмкIэ хабзэм ткIийуэ тету, Урысей Федерацre и къэрал властым и органхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и органхэмрэ я полномочиехэр зэрызэхэгъщхьэхукIар кьалытэу.»;

г) пункт 2.4-нэ дэщIыгъуэкIи, мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу иту:

«2.4. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и унафэщIхэмрэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я унафэщIхэмрэ нэгъуэщI къэралхэм лэжьыигъэ Iуэхукlэ зэрыкIуэнур ягъэхьэзыр Урысей Федерацre Нэгъуэщl къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм щIыгъуэ. НэгъуэщI къэралхэм къулыкъущIэхэр лэжьыгъэ Iуэхукlэ кIуэ хъунукъым ахэр езыгъэблэгъа лъэныкъуэм, организацхэм, щIыхь щхьэхуэхэм я ахъшэкIэ, къэрал къулыкъым теухуауэ Урысей Федерацre и евразиепстыдыгъэ законодательствэм къыщыгъуэва Iуэхуэхэр химиуфыдэ нэжьыкIм»;

д) пункт 4.4.1-нэ дэщIыгъуэкIи, мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу иту:

«4.4.1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм къэрал зэхуакIуэ зэпыщIэныгъэхэм хиубыдэ Iуэхуэхэр (зэIущIэхэр, зэхьыхьэхэр) гъэхьэзырыныбжэ егъэкIуэкIыныжмрэ, нэгъуэщI къэрал лIыкIуэхэм информацэмрэ документэмрэ яхуегъэхьыныр, етыныр Урысей Федерацre Нэгъуэщl къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм щIыгъуу ирагъэкIуэкI. А Iуэхуэхэр Урысей Федерацre Нэгъуэщl къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министерствэр щымыгъуазэу нэгъуэщI къэралхэм щыщ организацэхэмрэ лIыкIуэ Iуэхуэщ1апIэхэмрэ кьагъэсэбэну пощткIэ, факскIэ, электрон пощткIэ кьыхэзрагъэпэщ хъунукъым.»;

е) пункт 4.6-м хэт «ягъэхь» псалъэм кIэлыкIуэу дэщIыгъуэкIи «махуэ 15 пIалъэм кьриубыдэу» жиIэу;

ж) пункт 6.1-м абзац дэщIыгъуэкIи, мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу иту:

«Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм нэгъуэщI къэралхэм, правительствэхэм я Iэтащхьэхэм, нэгъуэщI къэралхэм законхэр кьыдэзыгъэкI я орган нэхъыщхьэхэмрэ суд органхэмрэ я унафэщIхэм, нэгъуэщI къэралхэм я правительствэм хэтхэмрэ зи кьулыкъуэIэ абыхэм яплъыта щIыхухэмрэ, дунейпсо зэгухьныгъэхэм я унафэщIхэм зэрызыпащIэнымкIэ нэхъ пасэу йочэнджэщ Урысей Федерацre Нэгъуэщl къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм.»;

з) пункт 6.7-нэ дэщIыгъуэкIи, мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу иту:

«6.7. Урысей Федерацre Нэгъуэщl къэрал Iуэхуэхэмкlэ и министерствэмрэ абы и системэм хиубыдэ дипломат Iуэхущ1апIэхэмрэ къэрал щIыб зэдэлэжьныгъэ пыщIа Iуэхуэхэм зэрятхуауэ зэрызыкъыхуагъэзам Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм жуэап иратыж мы кьыкIэлыкIуэ пIалъэхэм кьриубыдэу:

а) ищIхьэкIэ кьыщыгъэлъэгъуа органхэм я унафэм хиубыдэ Iуэхуу зыкъыщIыхуагъэзаэм, абыхэм зэрыпIэщIэгъуэм теухуауэ зыри темытмэ - зэрызыкъыхуагъэзар кьащыIэрыхьам щегъэжьауэ махуэ 15 нэхъ нэхъыбэ дэмыкIыу;

б) ведомствэхэр щIыз1эгъуэIуэн хуей Iуэхуу зыкъыщIыхуагъэзаэм, абыхэм зэрыпIэщIэгъуэм ятеухуауэ зыри темытмэ - зэрызыкъыхуагъэзар кьащыIэрыхьам щегъэжьауэ махуэ 30 нэхъ нэхъыбэ дэмыкIыу;

в) зэрыпIэщIэгъуэр тету зыщIыхуагъэзахэм - ведомствэхэр зэрызэгурыIуапхъэм емылытыауэ, зэрызыкъыхуагъэзар кьащыIэрыхьам щегъэжьауэ махуи 5 нэхъ нэхъыбэ дэмыкIыу;

г) гъэтIылъыпIэ зимыIэ Iуэхуу, «псом яп1э игъэщIапIхъщ» тету кьаIэрыхьахэм - кьащыIэрыхьам щегъэжьауэ махуи 3 нэхъ нэхъыбэ дэмыкIыу.».

2. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен**

*Налшык къалэ*
*2013 гъэм фокIадэм и 2-м*
*№126-УГ*

**«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм псэупIэ Iуэхум зыщегъэужьыным тегъэгушхуэн зэрыуейр кьэлыгатуэ, щIыхуэр кхъахэ хьуа унэхэм кьыщIэтыгъкIыпI» республикэ программэ щхьэхуэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ**

## Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2013 гъэм щышкъуэгъуэм и 28-м* *№239-ПП*

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. «2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм псэупIэ Iуэхум зыщегъэужьыным тегъэгушхуэн зэрыуейр кьэлыгатуэ, щIыхуэр кхъахэ хьуа унэхэм кьыщIэтыгъкIыпI» республикэ программэ щхьэхуэм 2009 гъэм гъатхэпэм и 30-м Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм кьыдигъэкIа Унафэ №74-ПП-мкIэ щIэгъэбыдам мыбы щIыгъу зэхъуэкIыныгъэхэу халъхьэхэр кьэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкlэ и министерствэм кьызэригъэпэщын хуейщ сом мелуани 137-рэ мин 446-рэ 163-рэ кIэпIейкIэ 66-рэ хъу ахъшэр къэрал корпорацэм - Псэупlэ-коммунальнэ Iэнатlэр щIэрыщIэу зэтегъэпсыхыным щIэгъэкъуэн хуэхъуныжмкlэ фондым - сом мелуани 65-рэ мини 151-рэ 383-рэ кIэпIейкIэ 34-рэ хъу ахъшэр Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и республикэ бюджетым хигъэхьэжыным.

**Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и яп1э къуэдзэ МАРЬЯШI Ирин**

● Пресс-конференцхэр

# Хэт къэкIуэнур зейхэр?

**«Сабий садхэр – сабийхэм» парт проектыр Къэбэрдей-Балькъэрым гъэзэщIа зэрыщIхьым теухуауэ щытащ иджыблагъэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и щIыналъэ исполкомым щрагъэкIуэкIа пресс-конференцыр.**

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ, «Сабий садхэр - сабийхэм» проектым и лэжьыгъэр зэзэгъэуIу **Саенкэ Татьянэ,** КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Семэн Пщыкъан**, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ куейм зи школ кIуэгъуэ мыхьуа сабийхэм щадэлажьэ Iуэхущ1апIэм и унафэщI **Моллаевэ Заретэ,** Щэджэн Етlуанэ дэт курыт еджапIэ №3-м зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэм щадэлажьэ и кьудамэм и унафэщым и кьуэдзэ **Алэкьей Роэз** сымэ, нэгъуэщIхэри.

Урысей Федерацre и Президентым ГъатхэпIэм ищIа унафэхэм ящыщ зи школ кIуэгъуэ мыхьуахэр сабий садхэмкlэ кьыззрагъэпэщыным теухуар.

Сабий садхэр ириэзрагъэпэщыжыну, ираухэну мы гъэм федеральнэ мылькым кьыхэкIыу Къэбэрдей-Балькъэрым сом мелуан 507-рэ кьыхэуатIыпщати, республикэ бюджетым щыщу абы сом мелуани 126-рэ дыщIагъуэжащ. АбыкIэ, псом япIэрауэ, 2015 гъэ пщIондэ сабий садхэр Налшык, Нарткъалэ, Прохладнэ кьалэхэм, Къармэхьэлэ, Бабугент, Курп Ипщэ кьуажэхэм щаухъуэну я мурадщ.

КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министр Семэн Пщыкъан зэIущIэм щыжиIащ ильэси 3-7 ныбжьым ит сабий псори Iэмал имыIэу садхэм щыIэн зэрыхьеркIэ. Нобэкlэ ди республикэм, зи школ кIуэгъуэ мыхьуауэ сабий 49450-рэ щыIэщи, абыхэм ящыщу садхэм екIуалIэр сабий 38324-рэ.

Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкlэ министрым жиIащ зи Iэпкьльэпкьым сэкъат иIэ сабийхэри гулытэншэу кьыззрамыгъанэр. Апхуэдэу, сабий ныкъуэдыкъуэхэм я процент 26,9-р сабий садхэм мамIуэ. Министрым и псальэм кьыхигъащащ апхуэдэ цыкIуэхэм зэрыщIэу Iуэхущ1апIэ щхьэхуэхэр зэрырыщIэр.

ЗэIущIэм щыжиIащ сабий садым щыIэ гъэсэныгъэм ику ягу сом мин 15 кьыз1эрахьыр. Лэжьакlуэр и Iуэхум зэрырыгъэдэтым ельытауэ и улахуэр нэхъыбэ нэхъ мащIи хьункIэ зэрыхьунури дыщIагъуэжащ.

- Сабий садхэм сыт щыгъуи ди нэIэ ятедгъэтын хуейщ. Ди кьалэнщ щIэблэм ягъуэтыну гъэсэныгъэм и лъабжьэр щагъэтIыпъ а Iуэхущ1апIэхэм гулытэ хэха яхуэтщIынуикIи абы хуэунэтIауэ тхуэзэфIэкI кьэдгъэнэнжькъым, - жиIащ Семэным.

Саенкэ Татьянэ и гугъу ящIащ республикэ бюджетым кьыхэкIыу унагъуэхэм зэрадэIэпыкъуэм, егъэджэныгъэм ехьэлIауэ УФ-м и Хабзэм фокIадэм и 1-м кьару зэрригъуэтам, нэгъуэщIхэми.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

● Iуэхутхьэбзэхэр

# Жьы хъуахэм я унэ хэха

**КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм «Жьы хъуа зи закъуэхэм я унэ хэхэр» и къэрал кIэщнэ Iуэхущ1апIэм щIыху 53-рэ нобэ щопсу.**

АБЫХЭМ тыншыпIэ псори кьыхуэзрагъэпэщ, зыхуэй Iуэхутхьэбзэхэр ягъуэт. Кьапщтэмэ, мазэ кIуам социальнэ лэжьакIуэхэр 451-рэ я льыгъуэщ, Iуэхутхьэбзэу 110-м щIигъу хуэзфIагъэкIащ. Зи ныбжьыр хэкIуэта нэхъыжьыфIхэр абыхэм яхуэарэзыщ, Iуэхум зэрыхуэIэижьыр, гуапэу кьаэзрыхущытыр, гулытэ хэха кьызэрыхуащIыр кьыхагъэщ. Социальнэ лэжьакIуэхэри ирагъаджэ, я Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэ хагъахьуэ.

ПсапащIэ Iуэхуэхэр кьыщыкалъхьэжI, зи ныбжь хэкIуэтахэр зыщагъэгъупщэркъым. Хьарычэтыщ1эхэр, фIы зыщIэну хуейхэр яхуоблагъ.

Жьы хъуахэм я унэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм хуагъэхьэзыр. Абы и унафэщI Асанов Маштай зэрыжиIамкIэ, пщIантIэр зэлъыIуах, зэIуэпэщ ящI, зи пIалъэр икIа хуэфэ гузэщIапэхэр яхьэж, щхьэгъубжэхэм жьы дэхупIэ иIэмэ, ягъэбыдэ. Унэм и лэжьакIуэхэм зи ныбжь хэтхэм я махуэр жэпуэгъуэм зэрагъэлъэпIэнум егупъуу зыхуагъэхьэзыр. Хабзэ зэрыхьуауэ, еджакIуэ цIыкIуэр яхуеблагъэнущ, псапащIэ Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIынущ, концерт ирагъэпIыныщ.

**ТОКЪМАКЪ Мадинэ.**

● Тэрч щIыналъэ

# Хасэм и псалъэ

**Тэрч къалэм щекIуэкIащ Джылахьстэнеи Адыгэ Хасэм и зи чэзу зэIущIэ.**

АР ТЕУХУАТ кьыдэкIуэтей щIэблэр мыхьумыщIагъэм щыхъуэ зэрыхъуну Iэмалхэм.

ЗэIущIэм хэтащ Тэрч къалэм щыз1эхэт Хасэ къудамэм, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къалэ Советым, сабий творчествэмкIэ унэм я лIыкIуэхэр, дин лэжьакIуэхэр. Ахэр гурыIуэгъуэу тепсэльыхьащ щIалэгъуалэм нобэ ягъуэтын хуей гулъытэм, ахэр зыщIэпIыкIыпхъэ щапхъэфIэм, лэжьапIэншагъэм, зэманым щытепщэ хъуа щIэныгъэншагъэм кьыдэкIуэ Iэужь Iейхэм. Апхуэдэу зэхэсым кьекIуэлIахэм кьыхагъащащ мамырыгъэр зи лъабжьэ ислъамым теухуа дерсхэр зэблэмышауэ, тэмэму ныбжьыщIэхэм ябгъэдэлъхьэныр дин лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, Хасэм хэт дэтхэнэми и къалэну щытын зэрыхуейр. Зэхэсыхьэм кьрихьэлIаэхэр зэгурыIащ щIэблэ зэушIэм кьежьапIэ хуэхъу псэкупсэ гъэсэныгъэр кьэмытIэсхъэн папщIэ гъащIэ, лэжьыигъэ гъуэгуанэ кIыхь кьезыхьэлIа нэхъыжьхэр сабий садхэмрэ школхэмрэ щапхъэфIэн щIэныгъэ лэжьэн зэрыхуейкIэ.

Хасэм зэтепсэльыхьа Iуэхуэхэм ятеуха унафэ пыухыкIаэри кьащтащ.

**ШЭРЭДЖ Диса.**

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

# ЩIэныгъэлIэхэр мэсакъ

**«Россельхозцентр» федеральнэ Iуэхущ1апIэм и къудамэу Къэбэрдей-Балькъэрым щыIэм гъавэхэ-кIым, хадзэкIым, пхъэщхьэмыщхьэм ялъэжьу ди республикэм ит Iуэхущ1апIэ проектым къепщыт.**

IУЭХУР зытеухуар дуней псом куэду кьыщагъэсэбэпу хуежьа икIи щIыхумкIэ зэран генномодифицированнэ кьэкIыгъэхэм ди щIыналъэр щыхъуэмэнрщ.

«Россельхозцентр»-м и Iэщагъэлэпхэр иджыблагъэ Дзэлыкъуэ районым щыIащ. Абыхэм яп1ащытащ кэкIыгъэ зэрыкIуэнур ягъэхэр щащIа щIы гектар мини 6-м щIигъу: абы щыщу кIэрпIофу - гектари 150-рэ, нартыхуу - мини 5-м щIигъу, соеу - 30.

ГМО хэлъ-хэмылъым и мызакъуэу, щIэныгъэлIэхэм кьапщытащ пестициду кьагъэсобэпыр зыкуэдизыр.

Ди гуапэ зэрыхъунщи, ГМО зыхэлъ кьэкIыгъэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм кьыщагъуэтакъым.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

**«Мывэ Iэгъэбэгухэр».**
*Сурэтыр* **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Май щIыналъэ

# ЩIапIэхэр иратынущ

**Бынщ е нэхъыбэ щапI унагъуэхэм етIанэгъэ щIыщIэдзауэ щапIэхэр иратынущ.**

ДИ КЪЭРАЛЫМ мыпхуэдэ Iуэхутхьэбзэм хуэныкъуэу мы зэманым исым я бжьыгъэр 1 мелуаным ноблагъэ.

Мы Iуэхум теуха лэжьыгъэр иджыпсту жьыджэру щаубзыкIу щIыпIэхэм ящыщу Май районыр. 2014 гъэм къыщыщIэдзауэ бынунагъэшхуэхэм иратыну щапIэхэр Гастеллэ и уэрамым хуоз. Мы щIыпIэм Текъуауэ ягъэхьэзыр проектэм Iупщ1у щапIэ хуейуэ щIыпIэ хуейуэ къыщагъэльагъуэ уэрамым и теплъэр, коммуникацэ хуэIуэ хуэщIэжэр зэрырашэлIэну щIыкIэр.

Май щIыналъэм щыщу щапIэ хуейуэ щIыху 400-м лъэIу тхьыпIэр ягъэхьэзыращ.

**ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.**

● Iэщ1агъэлIым и чэнджэщ

# Узыфэхэм щахъумэ

**Къэбэрдей-Балькъэрыр жыг хадзэхэм я щIыналъэ зэрыхъуэру куэд щIащ. Ахэр зыхьэныкIэ ди республикэр щапIэхъэщ, щIэныгъэр и лъабжьэу фIагъэнущ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракIуэхэмрэ кьыщрахьэлIэ икIи Урысей Федерацre и щIыпIэ 50-м щIигъуи хурагъашэ. Арами, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм кьыхэкIыу, илъэс куэдкIэ кьызыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ хадзэхэр ягъэмэщIащ. 1990 гъэм хозяйствэ п1ыуэмыгъуэ псомк жыг хадзу гектар мини 22,4-рэ яIамэ, 2009 гъэм ирихьэлIэу кьахуэнжэр гектар мини 10,6-м нэсщ.**

ПХЪЭЩхЬэМЫЩхЬэУ кьрахьэлIэм хагъэхъуэн мурадкIэ, «2020 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм псынщIэу багъэуэ жыг хадзэхэм зэрыщIащуажьынур» программэ хэхар ягъэзащIэ. Программэм ипкъ иткIэ, 2008 - 2020 гъэхэм кьриубыдэу илъэс куэдкIэ кьызыпыкIэ хадзэхэм гектар мини 10 кьызыкатхъэзынущ. Абы папщIэ, Аруан, Бахъсэн районхэм, Налшык кьалэм щыщ хъэрычэтыщIэхэм Италием, Нидерландхэм, Украинэм, Тыркум, нэгъуэщI кьэралхэм пхъэщхьэмыщхьэ хадзэхэр жыгыщIэ мелуани 3,5-рэ кьыщащIэхуащ. УФ-м Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм 2011 гъэм Бахъсэн районхэм, Налшык кьалэм щыщ хъэрычэтыщIэхэм Италием, Нидерландхэм, Украинэм, Тыркум, нэгъуэщI кьэралхэм пхъэщхьэмыщхьэ хадзэхэр жыгыщIэ мелуани 3,5-рэ кьыщащIэхуащ. Къэрал статистикэмкIэ Iуэхущ1апIэм кьызэригъэпэщ, 2009 гъэм абыхэм гектар мини 10,6-рэ яубыду щытамэ, нэгъабэ гектар мин 13-м нэсащ.

ФIагъ лъагэ зиIэ пхъэщхьэмыщхьэ кьрахьэлIэн папщIэ, республикэм и жыггъэлIэжьмэ кьащащытщ кьызыпыкIэу яIэ гектар мини 8,4-м щIигъуэмрэ хасагъащIэхэмрэ гъэхэмрэ хьэпIащIхэмрэ щащхьэмэну.

ГъэIэпхъэнхэм ящIыгъуу ди щIыпIэм узыфэ кьрамыкьэн щхьэкIэ, Урысейм и законодательствэм кьигъэувэхэр ягъэзащIэн хуейщ. ЖыгыщIэхэр кьыщащэкIэ, Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ щIыналъэ кьудамэм хъыбар ирагъащIэу, абы и Iэщ1агъэлIэхэр ирагъэплъыну, хуей хъумэ, лабораторэхэм кьыщрагъэпщытыну я кьалэнщ.

Псом хуэмыдэу фIым щыетащ бактериальнэ ожог (Erwinia amylovora (Burill) жыхуаIэ узыфэр. Абы губгъуэрыкIхэри хэту, сыт хуэдэ кьэкIыгъэ лIэужьыгъуэри эщщIэтэ. Бэвагъым хуабжьу кIэреч, жыгхэр ikpaф ещI, ардыдэмкIи экономикэм хэщIыныгъэшхэ ирет.

Ди гъунэгъу къэралхэм (Польшэм, Украинэм, Молдовэм, Белоруссием, Латвием, Литвам) щызэкIуэ а узыфэр инужьрей илъэсхэм Урысей Федерацre и щIыналъэхэми кьэсащ. Ар кьыщыхъуащ Ставрополь крайм, Воронеж, Тамбов, Липецк, Самарэ, Саратов областхэм, Къэрэшей-Шэрджэсым, нэгъуэщI щIыпIэхэмри.

Къэбэрдей-Балькъэрым Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и управленэм кьэкIыгъэхэр узыфэхэм ящыкъымэнымкIэ и кIуамэм и къэрал инспектор-хэмрэ «Къэралым кьэкIыгъэхэм кIэлъыплъыныжмкIэ Урысейпсо центр» ФГУ-м, «Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и кьулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балькъэр референт центр» ФГБУ-м я Iэщ1агъэлIэхэмрэ 2010 - 2012 гъэхэм а узым и нэщэнэм хуэдэхэр Шэджэм районым и щIыпIитIыкIэ Налшык кьалэрэ кьащIащхьэу щытащ. Ауэ абы щыгъуэ ирагъэкIуэкIа лабораторэ кьэпщытэныгъэхэм ар кIэуцIыну бактерие узыфэу кьыщIалъытэн кьагъэлъэгъуакъым. Республикэм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и кьулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балькъэр референт центрэ ФГБУ-м я Iэщ1агъэлIэхэмрэ 2010 - 2012 гъэхэм а узым и нэщэнэм хуэдэхэр Шэджэм районым и щIыпIитIыкIэ Налшык кьалэрэ кьащIащхьэтауэ щытащ. Ауэ абы щыгъуэ ирагъэкIуэкIа лабораторэ кьэпщытэныгъэхэм ар кIэуцIыну бактерие узыфэу кьыщIалъытэн кьагъэлъэгъуакъым. Республикэм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и Правительствэм мы махуэ гъунэгъуэм иритыну а щIыпIэхэр хэхауэ зэрызэхьапIэхъэм теухуа унафэм и проектыр. Абы кьыхэкIыу, узыфэхэм я нэщэнэ нэхъыщхьэхэр зыхуэдэм республикэм и жыггъэкIхэр хэгъэгъуэззэным мыхьэнэншэу иIэщ.

ПызысыкI (пызысхьэ) узыр нэхъ зыхуэплъэр гъатхэ пасэм кьэгъагъэ жыгхэрщ. Гулъхэри, тхьэмпэхэри, дэжэри, кьудамэхэри, лъэщIикIэри зэщIещтэ. Щыгъагъэм кьыхохьэри, жыгщIэжхэмрэ кьудамэхэмрэ мэлэпхъэ. Гъэгъахэр гъатхэм зэуэ мэуфIыщ икIи мэхуалэ. КьудамэщIэхэмрэ тхьэмпэхэмрэ я кIапэмкIэ щыуфIыщIу хуожьэ, ижыкIэ зашыхь, тхьэмпэхэр гъуабжэ мэхъу, мэуфIыщI, ауэ кьыпыкурхьым, гулъхэр кьыщIыху жыгым кьыпонэ. Бактериальнэ ожогым и нэщэнэхэр жыгром егъэнаIуэ. Дунейр щыпсыIэ зэманым узым иувыда щIыпIэм шъ ткIуэпсу кьыщыпIхёв, апхуэдэу кьыздэжаэхэм загъэшI, пыулъыIэхэм мрамырыфэ зэщIещтэ. ЩыгъагъэмкIэ зэрыгъэпсыгъуэвэ. Жыгфор (эксудат) тынш дыдэу Iупс Iуданэ псыгъуэу кьызэтокIри, уэшхым, жьым, кьуалэбзэм, гъудэ-бадзэхэм, бжьэхэм километрищэ бжьигъэкIэ зэбграхьфынущ. Апхуэдэу дерт зиIэ щIыпIэхэм, кьудамэфэ щIагъэхэм, жыг лъэдийхэм узым зыщцэхьумэ. Гъатхэм бактериехэр кьыззщIорыуэ, зэгуэчыпIэ пысыхэм жыгфорэ кьыщыпхев икIи узым адэкIэ зрегъэубгъу.

Псыгъэр процент 70 хьумэ, хуабэр процент 18-м щигъумэ, бактериехэр гъэгъахэм псынщIэу щобагъэу. Ауэдрипр хуабэ кьэхьумэ, зыщ кьызэтоувыIэ, ар зыльэIэса щIыпIэхэр кьыхощхьэхуKI.

МыIэрсыеймрэ кьхъжьеймрэ бактериальнэ ожогым и нэщэнэхэр щIыззщхьщ, ауэ кхъужьеймэ и тхьэмпэхэм плъыжь-гъуабжафэр йобэкI, и кьудамэхэм узым псынщIэу зыщIуубгъуркъым.

Узхэм щахъумэн папщIэ, куэду кьыщыгъагъэ, кьыпыкIэнур кьыщыпидзэ зэманым (накьыгъэм и кIэм), апхуэдэу бадзэуэгъэ-зыщхьэпIу маззэхэм пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэмрэ губгъуэрыкIхэмрэ я щытыкIэр кьэпщытэн хуейщ, инфекцэ гъэтIылъыгъэхэр щыпсэ, кьахутэн щхьэкIэ. КьищынэмыщIауэ, бактериальнэ ожогыр зэрагъэкIуэд Iэмалхэм кууэ хащIыкIыпхъэщ.

Илъэс куэдкIэ кьызыпыкIэ жыгхэм я узыр кьахьыхьауэ щэч фщIымэ, 72-26-79, 72-20-62 телефонхэмкIэ Къэбэрдей-Балькъэрым Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэм икIащIыпIэкIэ фыпсалъэ. Абы и Iэщ1агъэлIэхэм лабораторэ кьэпщытэныгъэ ирагъэкIуэкIынущ. Уэ хэту кьахутэмэ, карантин фитосанитар щIыпIэр ягъэбелджылынущ, карантин зэгъэувынущ икIи ар гъэкIуэдыным пыщIа Iуэхугъуэхэр зэфIагъэкIынущ.

**ТЭРЧОКЪУЭ Анзор,**
*Урысейм Мэкъумэш кIэлъыплъыныгъэмкIэ и кьулыкъущIапIэм и Къэбэрдей-Балькъэр управленэм кьэкIыгъэхэм я карантин Iуэхуэхэмкlэ и кьудамэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ.*

# Ди IэдакъэщIэкIхэм гупсысэ щIэтлъхьэр псоми зэхуэдэу къагурыIуэн хуейкъым

**ТхакIуэ цIэрыIуэ, егъэджакIуэ Iэзэ Къэжэр Хьэмид илъэс 75-рэ ирокъу**

*Зи тхыгъэхэмкIэ гъуэгу захуэм дытетыну дыкъыхуезыджэ, гъащIэм хуэнэплъыснэIус Къэжэр Хьэмид ХьэтIутIэ и къуэр къыщалъхуар Бахъсэн районым хыхьэ Исльэмей къуажэрщ. Курыт школыр къиуха нэужь, ар щеджащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. 1962 - 1965 гъэхэм адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкIэ кафедрэм и аспирантурэм щIэсащ, 1967 гъэм бзэщIэныгъэхэм я кандидат цIэр къыфIащащ.*

*ЗэрыщIыкIу лъандэрэ литературэм дехьэх Хьэмид. Тхэн-усэнымрэ егъэджакIуэ IэщIагъэмрэ абы и гъащIэ Iыхьэф I хъуауи къэплъытэ хъунущ. 1967 гъэм Къэжэрым Зеикъуэ дэт курыт еджапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ щригъэджащ, а гъэ дыдэм и щIымахуэм КъБКъУ-м и филологие факультетым урыс литературэмрэ хамэ къэрал литературэмкIэ и кафедрэм (1977 гъэм хамэ къэрал литературэр кафедрэ щхьэхуэ ящIауэ щытащ) къащтэри, мы гъэм и гъэмахуэ пщIондэ егъэджакIуэу щылэжьащ.*

*И Iэдакъэ къыщIэкIахэм я гугъу пщIымэ, Хьэмид и япэ рассказыр дунейм къытехьащ 1959 гъэм. «Псалъэрэ Iуэхурэ» зыфIища и тхыгъэм цIыхухэр япэу къыщеджат «Ленин гъуэгу» газетым.*

*1991 гъэ лъандэрэ Къэжэрыр УФ-м и ТхакIуэхэм я союзым хэтщ, тхыгъэ, тхылъ купщIафIэхэр и къалэмыпэ къыщIэкIащ. «Гъуэгум и бгъуагъ», «Усищэрэ зырэ», «Гъатхэпежьэ», «Гъатхэм и гъэ», «Нобэ», «Иджыпсту» усэ тхылъхэмрэ литературэ портретхэр зэрыт «Уэрэд щIаусыр» лэжьыгъэмрэ тхакIуэм и пщIэр яIэт.*

*Узэпсэлъэну тынш, гупсысэ гъэщIэгъуэнхэр зи куэд Къэжэрым и махуэ лъапIэм ирихьэлIэу дыIущIащи, ди гуапэщ тхакIуэр къызэрыддэгуэшам фыкъедгъэджэну.*

**- Гъэм и зэман нэхъ къулейуэ гъавэр къыщрахьэлIэж, дунейр щыдыщафэ бжьыхьэм ухалъхуащ, Хьэмид. Ар уэ ппэгъунэгъу хьэмэ гъатхэр е гъэмахуэр нэхъ пфIэфI?**

- Сэ сыкъыщалъхуа фокIадэ мазэр, пэжу, адрейхэм ещхькъым. Тхьэмпэ, удз, къэкIыгъэ гуэрхэр а пIалъэм гъужми, жыгхэм пыт пщIащэхэр, зэрыжыпIауэ, дыщафэ хъуурэ, езы щIыуэпсми удихьэхыу щытщ. Апхуэдэ зэман дахэм срихьэлIа щхьэкIэ, гъащIэр къыщежьэр, абы и къуэпсхэм зыщиубгъум сыщегупсысым, зызыхуэзгъазэр гъатхэрщ. Гъатхэр нэхъ си гъунэгъуу пIэрэ-тIэ?

ЩIымахуэм сызэреплъырщ: гъэм и кIуэцIкIэ мыхьэнэншэу, мыкъабзэу, къемыкIуу тIэщIэкIауэ хъуар мы дуней къытхуигъэгъу хуэдэ, а щIымахуэм уэс къабзэр щIылъэм къытхутреубгъуэ. «Иджы, хуэмыху, илъэс екIуэкIам щыуагъэ пщIами, си фIэщ мэхъу, мы гъэм нэхъыфIым узэрыхуэпабгъэнур», - жиIэу, гъащIэ къызэднэкIам аргуэру зэ дригъэплъэжрэ дригъэгупсысыжу, Iуэху щхьэпэм дыхуиузэду къыпщегъэхъу абы. Уэс лъэгур тхылъымпIэ напэ къабзэм фIэкI ар зэбгъэщхь хъун щыIэу сщIэркъым. Абы сыт ухуейми, сытым уигу къыхуэкIми щIэрыщIэу тептхэну ухуитщ… Мис а щIымахуэр текIуэту гъатхэр гущIыIу къыщыхъурщ си зэман нэхъ лъапIэр.

**- Уи сабиигъуэм щыщ зы Iыхьэ дыхэпшамэ арат.**

- Си сабиигъуэр хьэлъэу щытащи, ар симыIэххауэ убж хъунущ. Ди щIыгур иутэу нэмыцэ шырыкъур лъахэм щитам щыгъуэ сэ илъэси 4 сыхъуат. ХьэкIэкхъуэкIэр Хэкум ирахужу унэхэм дыщекIуэлIэжам унэр узижагъуэну хьэлэч ящIат: зы абдж хэлъыжтэкъым, блын пцIанэхэм щIымахуэр нэхъри уае пщащIырт. А щIымахуэм дыхэмылIэу дыкъызэрырагъэлыфар нобэхэми къысхуэмыхута лIыгъэшхуэщ. 1947 гъэм 3-нэ классым дыкIуэу ттраха сурэтым къислъэгъукIыжащ си классэгъу щIалэ цIыкIум и джанэ Iэщхьэ пытхъахуэр. Апхуэдизу щыгъыни шхыни а зауэм къелатэкъыми, ерагъкIэ цIыхухэм я щхьэр зэрахьэф кIуэдыт.

А тхьэмыщкIагъэр щыIэрэ пэт цIыхухэр нэхъ Iэфыу зэхущытт, зым адрейм цIыхугъэ кIэлъызэрахьэфырт. Налшык япэ дыдэу щыслъэгъуа щIыхьэшхуэр сщыгъупщэжынкъым: цIыхухэр плIырыплIтхурытхуурэ зэбгъурыту Къэбэрдей уэрамым ирикIуэрт. Пщэдджыжьым лэжьапIэм зэрыкIуэм хуэдэ дыдэу, ахэр пщыхьэщхьэм жыг хадэшхуэм хуэпIащIэрт. Кинор, театрыр я кIуапIэт, псоми гуапагъэ я нэкIум къищырт, дахагъэр я гум щызт. Ахэр ди цIыхухэм щадэслъэгъуам зауэр зэриухрэ илъэсипщI ирикъуа къыщIэкIынтэкъым, итIанэми, яIэ щIагъуэ зэрыщымыIэм хуэдэу, мамыру зэрыпсэу къудейм щыгуфIыкIырт.

А зэманым нэхъыжь-нэхъыщIэм я зэхущытыкIэу, цIыхубзым хуащI нэмысым, сабийм игъуэт гулъытэм я куэдагъыу щытам ущIэмыупщIэ жыхуиIэращ. Зы нэхъыжь къэувыIэу тщIэр игу зэрыримыхьыр къигъэлъагъуэу къыдэплъамэ, сын гъэжам хуэдэу дыкъэувыIэрт.

Тшхыныр, щыттIэгъэныр къыдэмэщIэкIырт жысIакъэ. Сыт атIэ дызыхъумар?! Сызэригугъэмкiэ, жьы къабзэм дыхэту, школым дыкIуамэ, егъэджакIуэхэм фIым дыхуаущийуэ, дыкъыхураджэу, дызыдэплъеин нэхъыжьыфIхэр диIэу дыкъызэрыхъуарщ.

Си адэм и адэм и адэжым деж къыщыщIидзэу жыг хадэшхуэ ди унагъуэм иIэу щытащ. Имыт пхъэщхьэмыщхьэ лIэужьыгъуэ щыIэтэкъым абы. Зэ, сысабийуэ, хадэм ит жыгыр зыхуэдизыр къэзбжыну зеспщытати, 173-м сынэсауэ сыхэзэрыхьыжауэ щытащ. Жылэ щIалэ цIыкIур а жыгхэм пыст, къудамэхэр къыщракъутэхри нэхъыбэт. Ди адэр мащIэу къэгубжьт, къуейщIейхэм щахукIэщIэуи къэхъуат, ауэ абы щхьэкIэ жыг хадэм елэжьыни къигъанэртэкъым. Езым и фейдэм и мызакъуэу, ар адрейхэм сэбэп зэрахуэхъунуми егупсысырт. «ХьэпIацIэрэ хъумпIэцIэджым къыщегъэжьауэ си лэжьыгъэм къыщымыгугъ щыIэкъым», - жиIэрти, егугъуу ар и жыг хадэм кIэлъыплъырт. Хьэлэмэту абы иджыри дэслъэгъуарат: и IэпхъуамбипщIыр къыпхуишийрти: «Мы фIей хуэдэу плъагъур ар сыт хуэдэу къабзэ - ар щIыщ!», - жиIэрт. ЩIым нэхъ лъапIэ иIакъым абы.

Бзэрэ псалъэкIэ цIыхур яукIыфу щыщыта а зэман гугъум ди адэм сыт щыгъуи пэжыр и гъусэу, IуэхукIэ кIащ. АдыгагъэкIэ щапхъэфу диIа ди адэм лъагэу къызэ- и Iыхьэ пIланэ сыту зыхэмылъхьауэ сэ?!

Ди щIалэгъуэр нэгъуэщI гъэщIэгъуэни хэтащ. КIыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул сымэ хуэдэ цIыхушхуэхэр ди пащхьэ иту я усэхэм къытхуеджэу щытащ.

**- Абыхэм уадэплъеят хьэмэрэ литературэр IэщIагъэ зэрыпхуэхъуам и щхьэусыгъуэр нэгъуэщI?**

- Псоми я лъабжьэр къыщыщIидзэр цIыхум и сабиигъуэрщи, ди усакIуэхэм ятххэм жыджэру сыщеджэм, мыбыхэм хуэдэ сэри стхыфарэт жысIэу сехъуапсэ щыхъуам 5-6-нэ классхэм сыщIэсу арагъэнт. Абдеж щегъэжьауэ зыгуэрхэр суцIырхъыу къыщIызодзэ. ЩIымахуэхэр а зэманхэм ткIий Iейт, пхъэ гъэсыныр къэбгъуэтынми гуащIэшхуэ тебгъэкIуэдэн хуейт, классхэр щIыIэти, зытезгъэууэ си гупсысэ цIыкIухэр тхылъымпIэм тездзэу сыщыст: «ЕкIуэкI, екIуэкI, екIуэкI сыхьэт. ЩIымахуэр зэ игъэкI. Дешащ дэ, уэсыр зэ тегъэкI».

Сыт иIысри гъащIэм къызэрилъхум хуэдэу, усэри аращ къызыхэкIыр. Зы дахэ гуэрым, гъэщIэгъуэным уи гур хуэзIухауэ щымытмэ, усэныр къохъулIэнукъым. А жыхуэсIэ «зыгуэрыр» зыхэпщIэн хуейщ, «сытхарэт» жыпIэу укъызэщIигъанэу. УсакIуэм и IэмэпсымэкIэ нэхъыщхьэр псалъэрщи, абыи ухуэIэрыхуэн хуейщ.

ЦIыху къеджэ хъууэ си къалэмыпэм япэу къыщIэкIар школым щызгъэхьэзыра блын газетырщ. Экзамен дызыхуэкIуэм и пэ къихуэу, си классым теухуа тхыгъэр згъэхьэзырыну си пщэ кърилъхьат ди егъэджакIуэм. Арати, Тургеневым и «Накануне» тхыгъэшхуэм и фIэщыгъэр къызощтэри, «мы щIалэм сурэт ещI, модрейр тхэным дехьэх, ди хъыджэбзхэм мыхэр яхуэзэфIокI» жысIэу зэгъэкIуауэ сотхри, блыным тхыгъэр къыфIадзэ, къызэхъулIауи къызжаIэ.

Университетым сыщIэтIысхьа нэужь, мыхьэнэ нэхъ ящIэлъу тхыгъэхэри рассказхэри си Iэдакъэ къыщIокI. «Псалъэрэ Iуэхурэ» си япэ рассказыр «Ленин гъуэгу» газетым къытехуат. Мыдрейуэ, еджапIэ Iуэхум, тхылъыщIэ къыдэкIхэм, студент гъащIэм ятеухуауэ сиIэ еплъыкIэхэр университетым къыдигъэкI газетым къытездзэу щытащ. СощIэж Николаевэ Галинэ и «Битва в пути», «Жатва» романхэр къыщытIэрыхьэм, щIалэгъуалэр дызэпэуэу дызэпсэлъэкIыу дыщытар, студентхэм я гупсысэр къыщызэщIэгъэуа и «Университетская жизнь» газетым къытехуат.

ЩIэныгъэ лэжьыгъэм сыхэзышар Санниковэ Татьянэт. 2-нэ курсым сыщыIэу абы къызитат «Адыгэ усыгъэм Маяковский Владимир и хъэтI къыхуищIар» лэжьыгъэр. Ар иужькIи, аспирантурэм сыщыщIэсым, сыщеджэу къысщIэкIат. Си щIэныгъэм щIэзыуа сыт сэбэп къысхуэхъужар?! Шэч хэмылъу, сыщеджа илъэсхэм щIэныгъэ Iуэхуми литературэми (сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъуэну тхакIуэхэм я творчествэр зээзгъапщэрт, я тхыгъэхэм сакIэлъыплъырт) теухуауэ я нэхъ мащIэрами, зыгуэр зэрысщIарат, сызэрытхарат. Дезыгъэджахэр-щэ? ИкъукIэ къыдэгугъуу къытхэтащ псори. АбытIэ Мухьэб - ар сыту цIыху дыщэт, уи къуейщIеигъэкIэ а къыщыпфIэнэну дыдэми: «Уа-а, у-хитрецышхуэщ, уэ!» жиIэ фIэкI нэгъуэщI къыфIигъэкIынутэкъым.

**- Уэ апхуэдэ дрийпсриигъэ гуэр пхэлът-тIэ?**

- Ауэ сытми схэлът! Урыс Хьэталий и орфографие псалъалъэмкIэ къытхуэупсэрти, и жинтым къысхутритхарат: «Уэ, Хьэмид, уи *мурадыфIхэр* къохъулIэну!». Зыхикъузам къигъэлъагъуэрт куэдым зэрызеспщытыр, абыхэм ящыщуи нэхъыфIыр къызэхъулIэмэ нэхъ къызэрищтэр.

Кандидат лэжьыгъэр щIэныгъэлI гъуэзэджэ Ламидзе Георгий си унафэщIу пхызгъэкIауэ щытащ. Куржы IэщIагъэлIхэм гъунэгъу сахуэхъуат аспирантурэм сыщIэсу.

ТхэнымкIэ къэзгъэзэжмэ, къыхэзгъэщынущ: тхакIуэ къэсщуу езым и гупсысэр и псэм зыхищIэрщ итхыхэм лъабжьэ яхуэхъур, ауэ ар щхьэ и къыщыпфIэнэну классикыр, мори мыдрейри сыт щыгъуи сфIэгъэщIэгъуэнщ, тIуми сыдахьэх.

**- Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым илъэс куэдкIэ ущылэжьащ. А зэманхэр сыт хуэдэ уи дежкIэ, Хьэмид?**

- Университетым къысхуимыщIа щыIэкъым: сыщеджащ, щезгъэджащ. ЦIыхум и насыпыр зэлъытар IэщIагъэ къыхихым гушхуэныгъэрэ дэрэжэгъуэу кърITырщи, сэ апхуэдэу сагъэин литературэми егъэджэныгъэми.

ТхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэр сабийм, щIалэгъуалэм я деж дауэ нэсхьэсыну жысIэу, а зэманымрэ нобэрей махуэмрэ зэрызэспхыным и ужь ситу, классикэм акъыл къыхахыным тезгъащIэу, сэ езыр абыхэм сыдахьэхыжу щымытамэ, си фIэщ хъуртэкъым апхуэдизрэ егъэджэныгъэм сыхэтыфыну. Псалъэм папщIэ, Шекспир Уильям теухуауэ зы дерскъым сэ езгъэкIуэкIар. Иджы, а тхакIуэшхуэм къигъэна псалъэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я зэхуакум дэтыр сэратэкъэ?! Абы сригушхуэрт, сригуфIэрт. Лэжьапщ1эр хуэфащэ дыдэу щымытми, студентым и сыт хуэдэ упщIэми сыхуэхьэзырыныр къару сщыхьэзыр къезгъэхьырт. Абы и къару къысхилъхьэрт.

Iуэху хэвмылъхьэ», - зэпымыууэ яжесIэрт езгъаджэхэм, сакъыгурыIуамэ, си гуапэщ.

ТхакIуэм и IэдакъэщIэкIым и фIыпIэщ - сабийми, зи насып къэкIуэгъуэми, балигъми - псоми зы сэбэп тхыгъэм къыхахыфыныр. Абы щхьэкIэ абы и псалъэм зы хьэлъагъ гуэр, къару щIэлъын хуейщ. Псалъэм папщIэ, «гъатхэ» е «уафэ» жыпIэкIэ зэфIэкIыркъым, ахэр макъыу жыжьэ Iун хуейщ. Свифт Джонатан жиIэгъащ: «Зы лъэпкъым е зы лIэщIыгъуэм хуэгъэпса тхыгъэм укъеджэну къилэжьыркъым». Пэжщ, птхам гъащIэ щиIэр ар цIыхуу щыIэм щахуэгъэзарщ, бгъэтIылърэ зэман зыкъом дэкIыу къэпщтэжа иужькIи, сэбэпынагъ къызыхэпхыфырщ.

Хьэрэмыгъэ ямышхыу, пцIы ямыупсу, мыдыгъуэу, нэмыс яхэлъу псэуным щIэхъуэпсмэ, нэгъуэщI зыри хуейкъым дунейр жэнэт хъун щхьэкIэ. ЦIыхум къыжьэдэкIа псалъэм дэнэ къэна, игу къэкIам, и гупсысэм, и гуращэм куэд елъытащ. ФIым хуэджэн хуейщ. Мыхэрщ литературэм и лъабжьэр, ахэрщ университетым щезгъэджахэм яхэспщэну сызыхэтар.

**- Хамэ къэрал литературэм хэт щынэхъ лъагэр?**

- Шекспир Уильям къыпэхъун щыIэу сэ къысщыхъуркъым. ТелевиденэмкIэ «Зи тхылъхэр нэхъыбэрэ къыдагъэкIыр хэт?» фIащауэ зы нэтын иджыблагъэ къату сеплъати, КъурIэныр псом япэ итщ, абы кIэлъокIуэ Роулинг Джоан Кэтлин и «Гарри Поттер»-р, Сервантес и «Дон Кихот»-р ещанэщ. Мы иужьрейм апхуэдэ щIэупщIэ зэриIэр сфIэтэмэм дыдэ хъуащ. Классикым и тхыгъэм щыдегъэцIыху мыхъун куэд зыIэщIэщIэ, итIанэми ар лъагъугъуафIэ зыщI хьэлхэр зыхэль (лIыгъэ къызэрымыкIуэ къылъыкъуокI, бзылъхугъэм пщIэ хуэзыщIыщ, хьэлэлщ) лIыжьыр. Абы и гъащIэм цIыхум гупсысэшхуэ къыхихыфынущ, аращ а тхыгъэр япэ изыгъэщхэр щымыуауэ къыщIысщыхьури.

Классикэм и гугъу щытщIакIэ, мыри жысIэнут: художественнэ псалъэм мыхьэнэуэ иIамрэ иджы дунейм ар кIэрахъуэу къызэрытенамрэ гу лъумытэу къанэркъым. Телевиденэм къит кинохэм я нэхъыбэм гупсысэ лъэпкъ яхэлъкъым кIий-гуо фIэкIа. Абыхэм бжьыпэр яубыдыIуащ, къытщIэхъуэр ягъэщхьэрыуэ, трагъэхьэулеикI. Си гугъэкъым киноми сценарий хуэзытх псоми зэхуэдэу апхуэдэ мыхъумыщIагъэ яIэщIэкIыу, зэдзэкIакIуэхэр армырауэ пIэрэ къуаншэр, жызоIэ. НобэкIэ а Iуэхум дыхигъаплъэми, си фIэщ мэхъу классикэр гущIыIу къызэрыхъужынур, хуэфащэ увыпIэ зэригъуэтыжынур. «Гъэузи гъэхъуж» жызыIам пцIы иупсакъым, ауэ зи гугъу тщIыр занщIэу сабийм къыпхугурыгъэIуэнукъым. Хущхъуэр и нэхъыбапIэм дыджщ, сэбэпми, апхуэдэ дыдэу, зэранми, щхъухьыр фоупскIэ зэIыхауэ щытынкIэ хъунущ. Мы Iуэхур [illegible] рэ литературэмрэщ.

**- 1970 гъэхэм, Хьэмид, «Ди литературоведенэм зеужь» жыпIэри тхыгъэ газетым къытебдзауэ щытащ. АтIэ, абырэ ди лъэпкъ литературэмрэ нобэ сытым хуэкIуауэ плъагъурэ? Сытхэр къыдэхъулIа?**

- Ар упщIэшхуэщ, ауэ зэрыхъукIэ жэуап естынщ. Къэбэрдей литературэм и тхыдэм теухуа очеркхэр къыщыдэкIаращ а зи гугъу пщIыр. Абы лъандэрэ илъэс 40-м щIигъужащ, щIэныгъэлI куэди къытхэхъуащ, тхылъ Iэджи дунейм къытехьащ. А зэманым елъытауэ нобэрей литературоведенэм ауэ къызэрымыкIуэу лъагапIэ хъарзынэ иубыдащ. Сэ нобэ сигу зыщIэгъур лъэпкъ литературэрщ. Зимыужьауэ аракъым. КIыщокъуэ Алим и романхэм, КIэрэф Мухьэмэд и прозэм, Нало Заур и новеллэхэм, Нало Ахьмэдхъан и рассказхэм хуэдэхэр диIэныр 1920 - 1930 гъэхэм иджыри пщIыхьэпIэт. Акъсырэ Залымхъан, Шортэн Аскэрбий, IутIыж Борис - мыбыхэм я тхыгъэ лъэщхэм хуэдэхэми адыгэм ягу къыхуэкIагъэнкъым блэкIа лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм. Илъэс 50-м кърикубыдэм лъэпкъ литературэм апхуэдизкIэ зиужьати, абы уримыгушхуэныр къуаншагъэщ. Усэр щхьэхуэу къэтщтэнщи, ар сыт щыгъуи щатхыфу щытащ мы Хэкум, «усакIуэхэм я лъахэщ Къэбэрдейр» жыпIэми ущымыуэну.

Лъэбакъуэшхуэ тчащ, арщхьэкIэ КIыщокъуэр иджы щытхэмытыжкIэ, Налохэр, МафIэдзыр, КIэрэфыр, IутIыжыр щыдимыIэжкIэ, жытIэжыдмыIэми, литературэм и пщIэр йохуэх. Мы зэманым къэбэрдей литературэ димыIэу жысIэркъым сэ, ауэ и лъэкIыныгъэкIэ нэхъ лъэрымыхь зэрыхъуар къэлъытапхъэщ. Ар къыдгурыIуэу, къытызогъэзэжри, ди бгыр щIэкъузауэ литературэм елэжьыпхъэщ.

**- Иджыпсту щыIэ тхакIуэусакIуэхэм сыт гу зылъатэн хуейуэ къанэр?**

- КъызэрысщыхъумкIэ, тхакIуэр щIэтхэжыр, и творчествэр щыIэн щIыхуейр хьэзабрэ гузэвэгъуэу и плIэм къытещIэм жэуап къыхуигъуэтын папщIэщ, апхуэмыдэми, абы пэщIэтыфу къэнэн хуейщ. Талантым нэмыщIкIэ, апхуэдэ лIыгъэрэ гуращэрэ къызылъыкъуэкIын мы зэманым дыхуэныкъуэщ, мащIэу дыхуэмыхууи къысщохъу.

КIыщокъуэ Алим мызэмытIэу ди пащхьэ иту къыджиIэгъащ: «Усэми прозэми зыгуэр щыстхым и деж: «Уэ мыр дауэ къыпщыхъурэ, мы Iуэху къекIуэкIым нэхъыщхьэу хэлъымрэ нэхъ гугъумрэ сыт хуэдэу уеплърэ?», - къызэупщIа хуэдэу къызыщызогъэхъури, адэкIэ а упщIэр къызэзытам соуэршэрылIэ».

ТхакIуэм и IэдакъэщIэкIым гупсысэ щIилъхьар псоми зэхуэдэу къагурыIуэн хуейкъым. Ари яIэщIокI иджы щыIэ тхакIуэхэм, уеблэмэ къыщохъурджэуэжи щыIэщ, езым къызэрыщыхъу дыдэм ущытемыхуэкIэ. Ар сфIэзахуэкъым. ИтIанэ, тхыгъэр фIы ящыхъуу щытхъу хужаIэнкIи хъунщ, абы къыщыIэта гупсысэр [illegible] лыгъэрэ шыIэрэ зыхэлъырщ.

дяпэкIэ литературэр зыгъэкIуэтэну дызыщыгугъ хъунур.

**- Хьэмид, уэ езым уи литературэ лэжьыгъэм сыт щIэуэ къыхэбгъэхьа?**

- ЦIыхумрэ ар зыхэт щIыуэпсымрэ я зэхущытыкIэм, дунейр зэрыIущым, абы уи зэран екI зэрымыхъунум теухуа гупсысэхэр си IэдакъэщIэкIхэм къыщылъэпхъэща хъуауэ пIэрэ, жысIэу гугъэ сиIэщ. Иджы ар 5-8-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIэхэм яхуэгъэзауэ щытын хуейщ, къаззрыгурыIуэну щыкIэм темыкIыу. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, мы зи гугъу сщIы ныбжьым итхэм папщIэ мащIэ дыдэщ адыгэ литературэм иIэр. Нало Заур, АфIэунэ Лиуан сымэ нэхъ цIыкIу дыдэхэмрэ езанэ классым кIуэхэмрэщ я IэдакъэщIэкIхэр нэхъыбэу зытраухуар. Абы къыхэкIыу курыт классым кIуэр зэджэн имыIэу къонэ, абы гулъытэ хуэщIыпхъэщ. КъинэмыщIауэ, егъэджакIуэмрэ еджакIуэмрэ къыдомэщIэкI школ гъащIэм теухуа тхыгъэхэр. Апхуэдэхэрт сабийхэр дэзыхьэхынур, ауэр литературэми хэпщIа хъунут.

Бзэр хэутэн зэращIри мыгъуагъэшхуэщ. Хамэ къэрал кинохэм, зэрыжысIащи, къемызэгъ псалъэ фIэкI щызэхэпхыркъым. Иджырей урысыбзэмрэ Тургеневымрэ бзэмрэ сыту зэщхьэщыкIрэ! ДэнэкIи бзэр щыхаутэж. Абы къыхэкIкIэ, нобэ тхакIуэхэм ди пщэ къалэнышхуэ къыдохуэ: ттхыхэм я къабзагъэкIэ, ящIэтлъхьэ къарукIэ бзэр тхъумэну дэтхэнэми ди борщщ.

ЕхъулIэныгъэхэр къытхуэзыхьа илъэсхэмкIэ аргуэру дывгъэгъэзэжи, Ленинымрэ абы и IупэфIэгъуэхэмрэ нэхъ лейуэ хуейуэ аратэкъым адыгэбзэкIэ ятха къомыр щыIэну, уеблэмэ я гугъэххакъым апхуэдэ тлъэкIыну. Пэжщ, 1920-1930 гъэхэм нэгъуэщI гупсысэщ щыIар, ауэ лъэпкъхэр зэхуэдэщ, щIэныгъэ яIэн хуейщ, зэкъуэувэн папщIэ, жаIэу абы щыгъуэм ящIар мурадыфIт. ЩIэныгъэ ягъуэтащ, тхакIуэ-усакIуэшхуэхэр къытхэкIащ. Апхуэдэ нэхъ политикэ дыхуэныкъуэу арагъэнущ дэ иджыпсту.

Псалъэм папщIэ, си щхьэр къэсщтэнщи, сэ сыхущIэкъунущ зы щIэджыкIакIуэ нэхъ мыхъуми си тхыгъэхэм дезгъэхьэхыным, хэт ищIэрэ апхуэдэу фIым сыхуэпабгъэмэ, ахэр нэхъыбэ хъунри хэльщ.

**- Шиллер аратэкъэ жиIэгъар: «ЦIыхум зэрызиIэтыр и мурадхэр зэрылъагэм елъытауэщ»…**

- Сэ жысIэращ: уи гупэр здэгъэзарщ. ФIым ухуэплъэрэ - Iэмал имыIэу къохъулIэнущ, ар уи фIэщ умыщIыщэу зыщебгъэхрэ - уехуэхауэ бжьы.

**- Хьэмид, зы тхылъ хэхауэ уиIэ щIэх-щIэхыурэ ущIэджыкIыжу, и щIэщIыгъуэри зэи имыкIыу?**

- Щы сиIэщ: Шекспир Уильям и IэдакъэщIэкIхэр щызэхуэхьэса тхылъыр, сыт хуэдэ лIэщIыгъуэми къапщтэу уэзджэ хъуну «Дон Кихот»-р, удэIэбейкIи удэлъэтейкIи узылъэмыIэсыну Iэзагъэкiэ тха «Фауст»-р. Гукъыдэж уиIэми, уимыIэми емылъытауэ, арыхуэу угуфIэну, удыхьэшхыну ухуеймэ зызыхуэзгъазэ хъуну тхылъхэр зэзакъэ мыхьэр.

*Епсэлъар* **БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Хьэмид (*япэ сатырым сэмэгумкIэ етIуанэщ*) 3-нэ классым къыдеджэхэмрэ и егъэджакIуэхэмрэ. *Исльэмей къуажэ, 1948 гъэ*

*1960 гъэ.*

Хьэмид (*нжьырабгъумкIэ*) и гъусэщ къыдеджа, Зеикъуэ къуажэм щыщ Щалэ Къаскъул Iэубэчыр. *1962 гъэ*



Анапэ зыщегъэпсэху (сэмэгумкIэ щытщ). *1969 гъэ*

**Хьэмид Литературэ курс нэхъыщхьэхэр къызэриухымкIэ и дэфтэрыр «Вопросы литературы» журналым и редактор нэхъыщхьэ Озеров Виталий къретыж.** *1974 гъэ*

# Нэр пасэу къэплъэныр насыпщ

**Зэчий къызэрымыкIуэхэр зыбгъэдэлъ цIыхум а зэфIэкIыр къызыхихам уегупсысу, ущызэупщIыж щыIэщ: «И адэ-анэр сыт хуэдэу щытауэ пIэрэ, езыхэм я талантыр быным яхуэкIуэжагъэнщ». Шэч хэлъкъым усакIуэхэм, тхакIуэхэм, сурэтыщIхэм къыдалъху Iэзагъэм хуэдэ унэ зэтелъхьэнми, пхъэм елэжьынми, дэрбзэр IэщIагъэми узэрыщыхуейм, ахэри гугъуехьыншэу цIыхум къазэремыхъулIэр...**

«ФIЫР КIУЭДЫРКЪЫМ», - жеIэ абы теухуауэ ди нэхъыжьыфI Къэжэр Хьэмид. И адэм и гугъу къытхуищIу, абы зэ зы хъыбар гъэщIэгъуэн дригъэдэIуат. «Ди адэм чий ихурти, - жеIэж Хьэмид, - къуажэ гъунэгъухэм къикIыурэ къелъэIурт яхуищIыну. Зы махуэ гуэрым а мурад дыдэр иIэу къыхуэкIуат зылI. Щапхъэ щIыкIэу хадэм ит чий хьэзырыр щригъэлъагъум, «сэ мыпхуэдэу ехьэжьа дыдэ сыхуейкъым, нэхъ къызэрыгуэкIми хъунущ», - жиIащ къэкIуам. «Нэхъ мыхьэнэншэ, нэхъ икIэ сэ схуэщIынукъым, узэрыхуейщ», - жиIат ди адэм...»

ЦIыху къэс зэчий гуэр бгъэдэлъу къалъху. Къыдалъхуа зэчийр абы имыгъэкIуэдмэ, Iэмал имыIэу ар IэщIагъэ дахэ хуохъу. Хьэмид и адэр Iэзэт чий хунымкIи, а талантыр и къуэм дежкIэ кIуащ, усэным и фащэр щыгъыу. ФIыгъуэщ цIыхум къызыхуигъэщIа IэщIагъэр къигъуэтыжыныр, абыкIэ и гъуэгур иунэтIыфыныр. А къалэн гугъум Хьэмид пщIэ пылъу пэлъэщащ, сыт и плъыфэу зэманыр щымытами, езым щIалэу хиша гъуэгум текIакъым.

Хьэмид нэхъ ипэIуэкIэ итхауэ зы усэ иIэщ:

**Пщэдджыжьым насыпыр яугуэшыр.**
**Пщэдджыжьым нэхъ жьыуэ къэуш.**
**Пщэдджыжьым нэхъ жьыуэ къэуши -**
**Шэджагъуэм нэхъыбэ плъагъунщ.**
**Шэджагъуэм нэхъыбэ къэплъагъумэ,**
**Пщыхьэщхьэм нэхъыбэ къэпщIэнщ.**
**Пщэдджыжьым насыпыр яугуэшыр.**
**... Нэр пасэу къэплъэныр насыпщ.**

Хьэмид къикIуа гъуэгуанэм (ар литературэ лэжьыгъэрауэ ирехъу, щIэныгъэ-егъэджэныгъэрауэ щрет) уриплъэмэ, гу лъумытэу къэнэнукъым ар жьыуэ, щIалэ дыдэу, насыпу къилъытэ гъуэгуанэм зэрытеувам, къигъэнэIуа гъащIэ Iуэхугъуэхэми емыпцIыжу а гъуэгум зэрырикIуам, кIэщIу жыпIэмэ, зи нэр, зи гур пасэу къэплъахэм ар ящыщщ.

1970 гъэм Къэжэрым и зы тхыгъэ, «Ди литературоведенэм зеужь» и фIэщыгъэу, газетым къытехуат. ТхылъыщIэ къыдэкIамэ зэрызэпкърахым, рецензэ зэрыратым и щапхъэу ноби къэдгъэсэбэп тхыгъэщ ар. А зэманым къыдэкIа тхылъхэм апхуэдизу тоIэбэ, дэтхэнэми гулъытэ щхьэхуэ хуещI, щIэныгъэкIэ ар здэщытын хуей увыпIэм егъэуври, нобэр къыздэсым а тхыгъэхэм дызэреплъыр Хьэмид зэритхам хуэдэущ, Хьэмид и нэхэмкIэщ. Зи гугъу сщIы тхыгъэм къыщыщIэдзауэ, «Уэрэд щIаусыр» тхылъыр хиубыдэу, Къэжэрым и литературэхутэ тхыгъэ псори ди еджэныгъэм къыщыдогъэсэбэп. Хьэмид итхауэ зы тхыгъи щыIэкъым и зэманыр икIауэ. Ар къэгъэнауэ, КIыщокъуэ Алим и творчествэм теухуауэ Хьэмид и Iэдакъэ къыщIэкIахэр апхуэдизу усэбзэкIэ тхащи, дыщыгъуазэ къудейуэ аракъым, атIэ гукIэ тщIэ яхэтщ. Адыгэ тхылъхэр усэбзэкIэ критикэ зыщIыфауэ диIэр Хьэмид и закъуэщ. «Уэрэд щIаусыр» тхылъым сыкъыщеджам, апхуэдизу сигъэпIейтеяти, срисымэджауэ щытащ, абы ихуахэм нэхъ ипэIуэкIэ щхьэхуэу сыкъеджа пэтми. Адыгэ лъэпкъым къилэжьауэ, хуэфащэ дыдэу, гуапагъэшхуэ хэлъу тхащ ар. СызэригугъэмкIэ, Хьэмид къыдэгъуэгурыкIуахэм, фIыуэ илъэгъуахэм, и гум, и псэм фIыкIэ дыхьахэм ятеухуащ «Уэрэд щIаусыр» тхылъыр.

1990 гъэхэм, перестройкэм и зэманым щыгъуэ, демократие гъуэгум зэман кIэщIкIэ цIыхухэр щытеувам, Къэжэр Хьэмид ипэ иту яхэтащ пэщIэдзэ классхэм предметхэр псори адыгэбзэкIэ егъэджыным школхэр тезышахэм, ди университетым лъэпкъ къудамэр щхьэхуэу, студенту къащтэр куэдкIэ нэхъыбэ зыщIауэ щытахэм. Адыгэм и щхьэм зыфI хуищIамэ, ар етIуанэт. Нобэ адыгэбзэр зыгъэбзэрабзэ щIалэгъуалэ гупыр къызыхэкIар а IуэхуфIыращ, студент екIухэр диIамэ, къыздикIар аращ. Си жагъуэ мэхъу а Iуэхугъуэр зэрызэтракъутэжар.

Си университет гъащIэм нэхъ дахэу, нэхъ лъапIэу хэтар Къэжэр Хьэмидщ. Сыщеджа илъэсхэр къасщтэмэ, згъэлъапIэу сигу къинэжахэм ящыщщ Къэжэрым а зэманхэм сызэрыригъэджар. Хьэмид лъэныкъуэ куэдкIэ утепсэлъыхьыфынущ, ауэ япэ итыр егъэджакIуэ гумызагъэу ар къызэрытхэтарщ, нэхъ гъунэгъуу дыщызэрыцIыхуари абы щыгъуэт. Бджым и гъэпсыкIэри, абы щIэлъ гупсысэри апхуэдизкIэ зэгъэкIуауэ къыббгъэдилъхьэрти, сыт хуэдэ тхыгъэри уигу дигъэхьэфынут. ГъэщIэгъуэнраци, гу занщIэу зылъумытэну, тхакIуэм и IэдакъэщIэкIым хилъхьа Iуэху цIыкIуфэкIуми абы гулъытэ хэха хуищIыфырт. Апхуэдизу зыхыдигъэщIат хамэ къэрал тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэри, иджыри дыстуденту Германием стройотряд дагъэкIуати, Шиллер, Гёте сымэ я лъэужь гуэр къэзгъуэтынщ жысIэри, Лейпциг, Дрезден, Веймар дэт литературэ музейхэм сыкIуат, а усакIуэшхуэхэм ятеухуа тхылъхэр къэсщэхуат, я фэеплъ сынхэм сыбгъэдэтат мыпхуэдэу сыгупсысэу: «мыбыхэм зыгуэркIэ зыхащIэу пIэрэ зэрытцIыхур, я IэдакъэщIэкIхэр Къэбэрдейм и университетым зэрыщаджыр, дунейм зэрехыжрэ зэманышхуэ дэкIами, фIыуэ къащIэнар щIалэгъуалэм ябгъэдэзылъхьэ цIыху сыкъыздикIам зэрыщыIэр?!». Къэжэр Хьэмид адыгэ, балъкъэр, урыс, адрей лъэпкъхэми я щIалэгъуалэм я щэнхабзэр иригъэфIэкIуащ, я дуней тетыкIэ-дуней еплъыкIэр нэхъ дахэ ищIащ.

Хьэмид и дерсхэм сызэрыщIэсар си дежкIэ насыпышхуэщ, ар къытезгъэзэжурэ дапщэри схужыIэнущ. Зи сыхьэт бжыгъэр ауэ сытми зыгъакIуэу ежьэжхэм ящымыщ Къэжэрыр сыт щыгъуи дерсым хуэхьэзыру, и макъыр щабэрэ шэщIауэ, жиIэри езым и теплъэри зэкIупсу апхуэдэт. ЦIыхуи 100-м нэс къекIуалIэрт абы щыгъуэ лекцэм. Апхуэдиз щIалэгъуалэр зэбгъэдаIуэу, абы щыгъуэми ар щIэщыгъуэу егъэкIуэкIыфыныр сыт хуэдэ лэжьыгъэшхуэу къыфщыхъурэ?! Ар хузэфIэкIырт Хьэмид.

Хьэмид и дерсхэм щхьэкIэ «укъызэщIэзыIэтэ сыхьэтхэр» жысIэну сытегушхуэрт, хамэ къэрал литературэр апхуэдизу фIыуэ сигъэлъэгъуати. Зи гугъу сщIы зэманыр 2-нэ курсым сыщыщIэсарщ.

Къыхэзгъэщынщи, а зэманхэм Совет Союзым жиIэмрэ и гупсысэмрэт дэнэкIи щызэхэтхыр. Дуней псом зыщыдэзыгъэплъыхь хамэ къэрал литературэр, Хьэмид и дерс гъэщIэгъуэнхэр ди дежкIэ щIэщыгъуэт. Къинэмыщ Iауэ, абы зэи пщигъэгъупщэнутэкъым хъыджэбзым - нэмыс, щIалэм - хахуагъэ хэлъын зэрыхуейр. ГъащIэм къыщыхъухэр литературэм епхауэ Хьэмид гъэщIэгъуэну къытхилъхьэрт, хъунымрэ мыхъунымрэ, екIумрэ къемыкIумрэ зэхэщIыкIыгъуэу къыдгуригъаIуэрт. «Нобэрейм пэмыджэж гупсысэ къызыщыIэта тхыгъэм, тхылъым сытепсэлъыхьыну, абы зэман тывэзгъэгъэкIуэдэну сыхуиткъым», - къыджиIэрт абы. Литературэм и мыхьэнэр, абы ущIеджэн хуейр, пщIэнымрэ умыщIапхъэмрэ, фIымрэ Iеймрэ зэхэзыгъэкIыр - гъащIэм къыщыпхуэсэбэпын защIэщ Хьэмид дызыщIигъэдэIуахэр. Театрми ар ди гъусэу ныззрыкIуэри дерс ирикъурт.

Зэи сщымыгъупщэжыну нэгъуэщI зы Iуэху. Си кандидат лэжьыгъэм кафедрэр щытепсэлъыхьыну махуэм гъуэгум дыщызэхуэзати, мыпхуэдэу къызжиIат: «Нобэ зы школ гуэр (къуажэм и цIэр кърыIуэри) срагъэблэгъат, ауэ, сызыхэплъар сигу ирихьати, ар къэзгъэнауэ, мы лэжьыгъэм теухуауэ псалъэ жысIэну сыкъоkIуэ... Уи кандидат лэжьыгъэм щыщу процент 70-р доктор лэжьыгъэм хэбгъэхьэ хъунущ, сынохъуэхъу!» Хэт сыт жимыIами, абы яужь си дежкIэ мыхьэнэ иIэжакъым. ЩIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ (нэгъуэщI зыри къыумыщтэми), Хьэмид нэхъ сызыщыукIытэ, зи псалъэм пщIэ хуэсщI Сокъур Мусэрбий иужькIэ щыIэжтэкъым.

Зыми хуэмыдэжыр Хьэмид щхьэхуэу, усакIуэу къыщедгъэблагъэ зэIущIэхэрщ. Псом япэ и тхыгъэщIэхэм нэIуасэ хуэхъур, япэу щIэдэIур дэраци, схужыIэнущ Хьэмид тхыгъэ хьэлэмэт куэд иIэу, дэр фIэкI зыми зэхимыхауэ, дунейм иджыри къытемыхьауэ.

Апхуэдэ зэIущIэхэр студентхэм я лъэIукIэ къызэрагъэпэщ, щIалэгъуалэм яфIэщIэщыгъуэщ Къэжэрым и усыгъэри, и гупсысэ къэIуэтэкIэри, езыри фIыуэ ялъагъу. «Адыгагъэ щызыхыдощIэ апхуэдэ зэIущIэхэм», - жаIэ студентхэм. НасыпыфIэ хъуахэу, нэхъ заIэтауэ, заужьауэ, «дапщэщ иджыри дыщыхуэзэнур?» жаIэу зэбгрокIыж. ЩIэхщIэхыурэ къызоупщI студентхэр: «Хьэмид и усэхэр щхьэ къыдамыгъэкIрэ, ди школ тхылъхэм ахэр куэду щIыхэмытыр сыт, нэхъ дыдэзыхьэх иджыпстукIэ щыIэкъым?». СщIэркъым сэ абы щхьэусыгъуэ хуэхъур, мис иджыпстуи зы тхылъ бэлыхь, усакIуэм и балладэхэр зэхуэхьэсауэ иту, дунейм къытехьэн хуеящ, нэгъуэщI тхыгъэ хьэлэмэтхэри хьэзыру, къыдэкIын фIэкI къыхуэмыту Хьэмид иIэщ. Дежьэнщ. Ауэ, дауэ щымытми, Къэжэрым и IэдакъэщIэкIхэр цIыхухэр нэхъ зыщIэупщIэхэм ящыщщ.

Ди литературэм зезыгъэужьыфыну жанрыщIэхэр Хьэмид къызэрищтэм гу лъумытэу къанэркъым. Абы щыгъуэми ар цIыху къызэрыгуэкIщ, щытхъу егъэлеяр фIэфIкъым. Нобэ къэралым къыщыхъур дыгъуасэ езым ирагъэлъэгъуа фIэкI умыщIэну, гупсысэ купщIафIэхэр къытхуеIуатэ. УсакIуэр зыIэт нэщэнэхэм ящыщ зыщ ар.

КIыщокъуэ Алим - усыгъэм, ЩоджэнцIыкIу Алий - поэмэ жанр лIэужьыгъуэм и лъабжьэр зэригъэтIылъам хуэдэу, балладэр - поэмэ жыпхъэм нэмыса, ауэ икIи усэу щымытыжыр, гъыбзэуи уэрэдуи къакIуэр, къэзыгъэIэрыхуауэ сэ сыбжыр Къэжэр Хьэмидщ. Сюжет щхьэхуэ зырыз зыпхыша балладэ 30-м нэс итхащ, цIыху гурыщIэ яхэлъу, уагъэгупсысэу, уеблэмэ нэпсхэр къыпфIрагъакIуэу.

Сэ зэрыслъытэмкIэ, литературэми, литературоведенэми, щIалэгъуалэр егъэджэнми гу къабзэ-псэ къабзэу, лIыгъэ хэлъу, зэрыжаIэу, «джентльмену» хэтащ Къэжэр Хьэмид. Зэманым сыту зызэримыдзэкIами, езым къыщебзэджэкIа къэхъуами, ар и щIэныгъэми, адыгагъэми, ныбжьэгъугъэми епцIыжакъым, и лъахэм хуэпэжщ, гуапагъэ къыпкърокI...

Хьэмид мы гъэ еджэгъуэм щыщIидзэжым университетым къыдэкIыжакъым, щылэжьа и кафедрэри нэгъуэщIым хагуэшэжащ, сэ абы сронэщхъей. ФилологиемкIэ институтым и утым «уэркъ» щызекIуэжыркъым.

**БАКЪ Зерэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор.*

# Нэхъыфlу плъагъумкIэ

**Балладэ**

Гурыхуэщи, унэ лэжьыгъэр
зэпкъреуд а зэ тIысыгъуэм.
Школ Iуэхур зэфIегъэкI, итIанэ
мытIысу доIэпыкъу и анэм.

Лэжьыгъэ мащIэ илъ унагъуэм!
Я псыр жыжьэIуэт,
пхъэр гъунэгъуми.
А псыри щхьэлри Щэлэуат
и фарэ зэрыхьурэ куэд щIат.

Жэм Iус етыпхъэ е джэдкъаз -
зыри и анэм лъимыгъэс.
А псом нэмыщI, къыздэтым и адэр,
щIалэм зэрехьэ я жыг хадэр.

Зэрехьэ унагъуэр щIалэщIэм, -
нетIэ дэкIауэ, зи лIыфIыгъуэр
моуэ къыдыхьэжын къыпфIэщIу, -
зэрехьэ унагъуэр щIалэщIэм.

III

Зэ, бжьыхьэ жэщу, Къалэгуащэ
нэхущ мыхъуауэ къызэщоу.
А цIыхубз хейм и жей мамырыр
апхуэдэу къэзыкъутар слIот?

И нэгу щIэкIат пщIыхьэпIэ Iейуэ:
бжьакъуэпэкIэ зэрадзэ хуэдэу,
зым къыIэпыхумэ, зым Iэрыхьэу...
Къэушмэ, хьэлъэт - хуэдэу хьэдэм.

ФIы игу щыщIэнт? Гуэзвэгъуэшхуэм
цIыхубзыр хэту нэху къытощхьэ.
Хуэмышчыжу, Щэлэуатри
къигъэушыну зэм къытохьэ.

Ауэ, зызэтреубыдэжри,
щIалэми зыкъримыгъащIэ:
«Абыи жесIэнкъым, згъэгузавэу,
сыт а сабийм хищIыкIыр гъащIэм!»

ТIум я зым щхьэкIи фыз хьэлэлым
хьэзырт зищIыну щхьэузыхь;
ауэ нэгъуэщI, уилI къэтым фIэпхыу,
хэт нэхъ хуэпхьынт апхуэдэ пщIыхь?

Гузэвэгъуэшхуэм псэкIэ хэтми,
зыкъримыгъащIэу Щэлэуат,
и щхьэр кIэрахъуэу, пикъузыкIыу
и гур къеузу нэху къекIат.

Сыт мыгъуэу пIэрэ? Дэнэ щыIэ?
Ныжэбэ лIым сыт къыщыщIар?
Абы бэIутIэIу къыщымыщIамэ,
сыт мы сызэпщIыхьар?

Пщыхьэщхьэ хъуауэ Жантемыр
къосыжри - и бампIэр щхьэщокI.
Ауэ, сыт - а пщIыхьэпIэр, жиIэу,
щуIэгъэм щIэмычэу игу къокI.

IV

КъэкIуэжат Жантемыр -
жыхуаIэм хуэдэу мор-мыр:
къызэрыхъуэжу и фэкъум
къуауэ и къэлътмакъхэр.

Бажафи дзыдзафи,
бланафи хэтыжу,
къурш ажэм и бжьэм, и фэм
илри ящIыгъужу.

Сыт ищIэнт Къалэгуащэ?
Щежьэжым Жантемыр,
икIи темыгушхуащэу,
ныжреIэ мыр:

«Тхьэ сымыщIэ... гъуэгуанэ
узэрытехьэр... Iыхь...
Хьухухнум мы зэм къанэ...
Си щхьэм тезмыщIэ дзыхь...»

ЛIы зи къару илъыгъуэр
и фэкъум шэсат;
къикIуэту емысам,
щуIэгъэм игу хуэмыгъуэу:

- Умыдзыхэт уэ, Гуащэ!
Мы зэм сымыгувэу
къэзгъэзэн си гуращи.
Сегъажьэт угуфIэу!

И дзэлыфэр итIами,
игукIэ къигъыкIыу,
Къалэгуащэ щытаи
Жантемыр илъагъухукIэ.

ЛIыр мэзыжьым щигъэпщкIум,
и нэпсыр къыфIыщIэкIыу,
хуэмурэ унэм щIохьэж:
«Псори дыщогугъ Тхьэм...»

V

ГуитIщхьитI ищIами щакIуэр
Къалэгуащэ и псалъэм,
ар и гъуэгу тету макIуэ,
къитIэсэнщ тхьэмахуэ пIалъэм.

КъелъэIуат зы жылагъуэ:
«КъытлъишащI зы мыщэжьи,
къытхуэпхутэм и лъагъуэр,
тхуэбукIтэм бэлацэжыр!

Ишхми дыдэкIуатэрт,
гъэр хъуамэ, гъавэр тфIеутэ,
мэзырщ и зыгъэпщкIупIэр,
зы къимыкI - хьэр едуштми!»

Анэ е абы щIэф
зымыгъэхутыкъуу къэсар,
дауи, щIэупщIэнт:
«Хъу хьэмэ бзы ар?»

- «Тхьэ пхуэтIуэни хъукIэ!
ИкIи щхьэзакъуэщ сэхъуар.
Армыраи зэрыхъукIар
а делэ дыдэ хъуар!»

... ГуитIщхьитI ищIами щакIуэр
Къалэгуащэ и псалъэм,
ар и гъуэгу тету макIуэ,
къитIэсэнщ тхьэмахуэ пIалъэм...

VI

- Мамэ, къэщIэж! Мамэ, къэщIэж!
- Сыт къэсщIэжынур, ан-на?..
- КъэщIэж!
- Уэ фIыуэ сыкъэплъагъур пэж?
- Ан-на...
- Ар пэжмэ, къэщIэж!

- Сэ нобэ...
- Сыт... уэ нобэ?..

- Илъэс пщыкIутху срокъу сэ нобэ!
- Тхьэ пэжтэм, тобэ!

VII

Дядэм егъэпщкIу,
егъэпщкIу спэIэщIэу
и фочи и ши.
Нобэм къэсыху хуит сызыхуищIыр
зы закъуэщ - и шырщ.

«Шыр псафэ шэ» - аращ
къыслъысыр.
Апхуэдэ защIэу
илъэс пщыкIутхум къриубыдэу
къокIуэкI си гъащIэр...

Зэ умыпIащIэ, усабийщ уэ -
аращ зэхэсхыр.
Иджы фэ сыкъэвгъэувыIэфи -
си Iуэхуи!

Нобэ илъэс... мыр сыт мы слъагъур?
Уа-а... щыхь шыри!
Мы щIыIэ махуэм... Ар пIыщIауэ,
ищIэжкъым зыри.

«ЩIэжьейр сабийщ» - жиIакъэ дядэм.
Сабийщ мы цIыкIури.
Ей, си къуэш цIыкIу, къакIуэ мыбыкIэ,
Адэ умыкIуэ.

Мамэ жесIэнщи, пIапIу хуабэ
сэ уезгъэфэнкъэ!
ИтIанэ уянэр, дызэгъусэу,
дэ къэтлъыхъуэнкъэ!

- Мамэ, къыщIэкI! Мы къэзгъуэтам
къеплъыт щIэхыу!
Мамэ, къыщIэкI, шэ хуабэ фалъи
къыздыщIэхи!

VIII

Бгъашхэри содэ, бгъэхуабэри содэ,
сэ сымыдэжыр узэрыщIэпхъуарщ.
Си гущIагъщIэлъу си щIалэ закъуэр,
сэ сыкъэбгъанэу, дэнэ уздэкIуар?

«Зэ», «иджыпсту», «щIэжьейщ ар»,
«гузэвэгъуэр
зытелъ и анэр сэ згъэгуфIэжынщ».
Ар содэ, тIасэ, ауэ сыхьэт дапщэ
хъуауэ сыщыт куэбжэпэм,
хуэдэу сын?

Къэзгубзыгъыжыр пэжмэ,
къулъшыкъушхуэт...
Абы къыщыщIэдзауэ дапщэ щIа?
ЛIыр къыдыхьэжмэ,
сыт абы жесIэнур?
Сыт, си псэ закъуэ,
сыт мы къызэпщIар?

Сыппэплъэурэ хъуаи
пшапэ зэхэуэгъуэ.
Сыт си Iэмал, согуIэри сыщытщ.
«УмыкIуэ» жысIэкIэ - укъэувыIэнут?
Щыхь шырым янэр анэщ,
сэ - сытыт?

Щхьэи делэ сыхъужат си жьыщхьэ:
уи гъусэу щхьэ сынемыжьарэт сэ!..
Е - уи кIэр хуабэ щIыкIэ къуажэм
сыдэлъадэу...
Упсэууэ укъысIэрыхьэжми зэ!..

IX

Iэщхьэ пщIанэу къызэрыщIэжауэ,
маплъэ, мэгуIэр Къалэгуащэ.
ЩIыIэм игъэдыкъми, имыщIэжу -
мафIэр къридзащи, ес и кIуэцIыр.

Щыхуэмышэчыжым - зэуэ зречри -
мэзым хуожэ, джалэ-къэтэджыжу.
- Щэлэуат! - мэкIий анэ
тхьэмыщкIэр. -
Щэлэ-уа-ат!! - и макъым
къимыкIыжу.

ЕтIуанэ махуэм, хьэдэкъуаншэу,
уэсым хэщтыхьауэ къагъуэтыж.
Къызэхуосри, зыр зым дэIэпыкъуу,
хьэдэр зей унагъуэм къыхуахьыж.

Зыкъаплъыхьмэ, пщIантIэм зыри
дэскъым,
бжэуэ яIэр Iугъэузэщыкlащ.
- Жантемыр къэтыхэщ, ауэ щIалэр...
ЖаIэнур ямыщIэу нэху къекIащ.

Жантемыр лъыхъуэну ежьа гупыр,
щакIуэр ямыгъуэту, къэкIуэжат.
«Мыщэ йощэри ар щIэтщ мэз
гуэрым» -
хъыбару къаIэрыхьар арат.

Хьэдэр щыбгъэлъынт?
Ещанэ махуэм
ар, зыхуей хуагъазэри, щIалъхьэж.
- Дыкъэплъэнщ дэ,
зэ зыгуэр къэкIуэжмэ...
Сыт ящIэнт, мэкIуэж и унэ щхьэж.

Абы и ужькIэ махуищ дэкIауэ
хъыбар къоIу, зыгуэрым жиIэжауэ:
щыхь шыр цIыкIу иIыгъыу
зы щIалэщIэ
мэзым зэрыхуэкIуэр ялъэгъуауэ...

X

ЕмытIысэхыу, илъэситIкIэ
лъыхъуащ и щIалэм Жантемыр.
ИкIэм-икIэжым, къекIуэлIэжри,
Моуэ жиIащ: «Алыхь Iэмырщ.

КъэзмыкIухьарэ щымыгъуазэу
зы къуажи, жыли щымыIэж.
Зы мэз е чыцэ къэзмыгъанэу
лъахэр щIэспщытыкIари пэжщ.

СызыIуплъынщ, зэ сепсыхынщи,
Унэм сыщыпэплъэнщ мы зэм.
Хэт ищIэрэ, дунейм тетыжмэ,
и хъыбар гуэр къэIунщ зэмзэ...»

ЖиIами - дэнэт: дэмысыфу,
аргуэру шэсри ежьащ,
иджыри зы илъэс лъыхъуауэ,
ерагъыу зекIуэу къэкIуэжащ.
Адыгэм жаIэ: «ЩIыр зэгуэхури,
ар я зэхуакум дэкIуэдащ».
Апхуэдэ дыдэт Щэлэуатри -
дунейм тетаи-темытаи.

XI

Зэгуэрым, гъатхэр къихьагъащIэу,
ПщIантIэкум иту Жантемыр,
Мэзыжьым здэплъэм, къэуIэбжьауэ:
- Мы слъагъур, ди Тхьэ, сыт...
сыт мыр?...
Еплъыпэмэ, хуэнэкIуэпакIуэу
Зы щыхьтанэфI къыхуокIуэ
куэбжэм,
Ещхьи дэкIауэ къыдыхьэжым...
Сакъыпэу IуегъэкIуэтри набжэр,
Къыдохьэ пщIантIэм,
къэбэкъуэжмэ
тхуэ-хэ,
Жантемыр здэщыт дыдэм
къэсынущ.
Танэр, къоувыIэжри,
щытщ тIэкIурэ, зиплъыхьу,

къожьэжри,
(иджы хуэм дыдэущ къызэрыкIуэр),
и пащхьэ дыдэм къыщоувыIэ,
нэхъу-нэхъууи и нэм къыщIоплъэ,
мыдрейри танэм и нэм щIоплъэ...
А напIэзыпIэм, быхь жимыIэу,
къызэфIомахэри къоджалэ.
Танэр,
джэлам хуемыплъэкIыххэу,
къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу,
зегъазэри,
йожьэж хуэм дыдэу,
апхуэдэуи, сакъыпэу набжэр
IуегъэкIуэтыжри,
мэзым хуокIуэ...

XII

Къуажэбгъум, мэзым хуэплъэ
щIыкIэу,
щытщ Жантемыр и унэ цIыкIур.

Унэбжэр Iугъэузэщыкlауэ
ялъагъу, хэт блэкIми, куэд щIауэ.

Ялъагъу: лIыжь цIыкIуи, бэлэбанэу,
щIохьэж дакъикъэм, етIуанэм

КъыщIож ар, пIащIэу,
носри куэбжэм,
унэм носыж, зэрынэсыжуи,

къыщIегъэзыкI, носыж ар куэбжэм,
арыххэу къегъэзэж унэбжэм...

Унэм щIохьэжри, йоплъ, зэфIэту,
и Къалэгуащэ и сурэтым.

КъыщIокIри пIащIэу, мажэ куэбжэм:
пщIэнукъым, Щэлэуат къэкIуэжмэ...

Зэт... хэт мо чыцэм къыхэкIауэ
а къакIуэр, занщIэу къиунэтIауэ?

Ельагъу, и пащхьэм къит нэхъей:
нэ фIыцIэ, нэ пIащитI нэщхъей.

Ар Щэлэуатщ, и щIалэрщ, дауи!..
Хьэуэ... Ар Щэлэуаткъым... хьэуэ...

Зэм Щэлэуат, зэми щыхь танэр;
зэм зыр ельагъу, зэм - етIуанэр.

ГъуэрыгъуапщкIуэ къыдэджэгу
ярей:
зэм зым зегъэпщкIу, зэм адрейм.

Ауэ мыхъейуэ и пащхьэ къитыр -
нэщхъей нэ фIыцIэ, нэ пIащитIырщ...

*2000 гъэ*

Тетуев Борис, ЩоджэнцIыкIу Нинэ, Къэжэр Хьэмид сымэ я студентхэм ящIыгъуу.

Къэжэрыр и благъэ-Iыхьлыхэм яхэтщ.

НапэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар Багъэтыр Луизэщ.

МЭШБАЩIЭ Исхьэкъ

# Лъапсэрых

## Романым щыщ пычыгъуэхэр

1864 2014

Накъыгъэм и 21

*(КIэухыр. ПэщIэдзэр №№ 178-180-хэм итщ).*

* * *

ИУБЫКIАУЭ пащтыхьым поплъэ абазэхэхэри, къэзакъхэри, сэлэтхэри - псоми я щыпэлъагъущ: иджыщ пащтыхьыр Кавказым къыщыкIуар.

КIий-гуо макъ къэIуащ:

- Пащтыхьыр къэсащ! ИугъащIэ ди пащтыхь дотэм! И гъащIэр кIыхь ухъу!

- Щхьэ зэрыгъэкIийрэ? Я хьэм бажэ къиубыда? - ягъэщIэгъуащ абазэхэхэм.

- Аращ я хабзэр. Пащтыхь я щыпэлъагъущ.

Пащтыхьым Евдокимовымрэ Лорис-Меликовымрэ щIыгъущ. Къэзакъ шухэм къаувыхьауэ, Александр ЕтIуанэр абазэхэхэм ябгъэдэкIуэтащ.

- Укъызэрытхуеблэгъар ди гуапэщ! - жаIащ абазэхэхэм.

- Шэрджэсхэр фызибийкъым сэ, хэгъэрейуэщ фызэрыслъытэр, - жиIащ урыс пащтыхьым, Шэрджэс меджлисым хэтхэм ябгъэдэкIуатэри. - Тхьэм фригъэфIакIуэ, псэукIафIэ фыхъу. ФIыгъуэ къывэуалIэмэ, аращ сэ сызыхуейр. Урысейр псоми ди зэхуэдэщ, Урысейм зиузэщIмэ, абы ис лъэпкъхэми заузэщIынущ. Шэрджэсхэми зыщаузэщIынущ Урысейм - шэрджэсхэри Урысей къэралыгъуэм щыщщ. Къэрал гъунапкъэр дгъэбыдэн хуейщ, абы щхьэдэхыпIи дэпщыпIи иIэ хъунукъым. Ди гъунэгъу къэралхэм сату ядэтщIын щхьэкIэ, хы Iуфэм дызэрыкIуэ хъун гъуэгу дызэрыхуэныкъуэм фыщыгъуазэщ шэрджэсхэр. Гъуэгум и ужь дихьащ, ТIуапсы, ЦIэмэзи, Анапи нэтхусынущ гъуэгур. Фэ фщыщ гуэрхэм я щIапIэхэмкIэ блэкIынущ гъуэгур, ар зыгуэркIэ зэран къыфхуэхъумэ, дэ пщIэ къыттенэнукъым. Жылагъуэ гуэрхэр дгъэIэпхъуэн хуей хъуми, арaщ - ахэри хедгъэлъэфэнукъым. Урысейм феувалIэрэ фыхэпсэухьмэ, фIыгъуэщ къыфхудэкIуэнур, шынагъуэ фыхэхуэнукъым, фи хабзи фи дини зыри къыхэIэбэнукъым. Дызэпэувауэ дызэрызэзауэрэ куэд щIащ, зауэм фIы къытхуихьакъым фэри дэри. ЗауэкIэ къэфхьын щыIэкъым, урысыдзэр лъэщ дыдэщ, абы фыпэлъэщынукъым, фи щхьэр хэфлъхьэн фIэкI.

Пащтыхьым и псалъэр нигъэса нэужь, сэлэтхэмрэ къэзакъхэмрэ зэрыгъэкIиящ. КIий-гуо макъыр щыувыIэжынум пэплъэри, Цей Хьэтырбий утыкум къихьащ.

- Ди унафэр урыс пащтыхьым ищIакIэщ, и пщэ ар дэдмылъхьарэ пэт, - жиIащ Цейм. - Абырэ дэрэ ди акъыл зэтехуэркъым, игъащIэкIи зэтехуэнукъым. Дэри тфIэдахэщ ди хэкур, ди лъахэм пэтщIын щыIэкъым, абы и хуитыныгъэращ иджыри къэс дызыщIэзэуар, дяпэкIи дыщIэзэунущ ди хэкум и хуитыныгъэм. Урыс пащтыхьым дыкъегъэгугъэ: ди хабзи, ди унафи, ди дини къыхэIэбэнукъым. Шыгъу Iэбжьыб псы лэгъупым хэвдзэт: напIэзыпIэм хэкIуэдэнущ. Ди лъэпкъри арaщ: Урысейр инщ, ди лъэпкъ мащIэр Урысейм хэткIухьынущ. Урыс пащтыхьым жиIащ: «Кавказыр дыдей хъунущ». Хьэуэ, жызоIэ сэ: Кавказыр е ди хэкущ, е ди кхьэлъахэщ. ХьэщIэм псалъэ жагъуэ жраIэ хабзэкъым - арaщ адыгэм ди хабзэр. А хабзэм себэкъуэнущ нобэ. Мыращ пащтыхьым жесIэр: уэ удихэгъэрейкъым, удибийщ!

ЦIыхур Iэуэлъауэ зэрыгъэхъуащ. Шэрджэсхэр къебгъэрыкIуэн къафIэщIри, къэзакъхэм пащтыхьыр къаувыхьащ, я сэшхуэхэр кърагъэлъэтри. Зы адыги епхъуакъым и къами и сэшхуи.

- Урыс пащтыхьыр ди хьэщIэщ нобэ. ХьэщIэм хуэфащэ хабзэм дебакъуэмэ, игъащIэкIэ хъуэн тхуэхъунущ! - жиIащ Цейм. - Пащтыхьым и псалъэм къыщIигъужынIамэ, дедэIуэнущ.

И тэрмэшхэм ящыщ зым зыхуригъэзэкIащ пащтыхьым. ЛъэбакъуитI-щы къичри, тэрмэшым жиIащ:

- Пащтыхьым и псалъэм къытригъэзэжыркъым. Зэхэфхар къывгурыIуамэ, фи гум ивубыдэ - арaщ пащтыхьым къывжиIэр.

* * *

ИНДЖЫЛЫЗЫМ щыкIуэм гугъу ехьащ адыгэ лIыкIуэхэр. Хым щызэпрыкIым урыс кхъухьхэр къеплъакIуэрти, абыхэм зыщагъэпщкIун хуей хъуащ. Истамбыл нэсыху хым щытетар жэщущ, махуэкIэ хы Iуфэм есылIэурэ.

Истамбыл нэса нэужь, япэ къаIущIар Джеймс Беллщ.

- Гъуэгум и нэхъ хьэлъэр къэфкIуащ, - лIыкIуэхэм, Дзэпщ Исмелрэ Хъущт хьэжымрэ, я гур фIы къахуищIащ абы. - Зыдгъэгувэжынкъым: Франджым дынэсмэ, Инджылызри жыжьэжкъым.

Инджылызым Уркварт Дэвид къащыпэплъэрт Шэрджэсым и лIыкIуэхэм: абы щыгуфIыкIащ Дзэпщ Исмел - а тIур нэIуасэ зэхуэхъуауэ зэрыцIыхурт. Инджылыз парламентым къыщыпсэлъэнущ Исмел, абы щыжиIэнури и хьэзырщ. Дуней псом щреIу зауэм хэт шэрджэсхэм ятелъ хьэзабым, лей къазэрытехьэм и хъыбар. Зауэм хэзыдзар шэрджэсхэм я псэм къещэ урыс дзэпщхэрщ, урыс пащтыхьым къариуштащ ахэр, адыгэ хы Iуфэм кхъухьхэр къарашэлIащи, бэуапIэ къратыркъым, нэгъуэщI къэралхэм сату дащIыфыркъым, Шэрджэсым кърагъэхьэIакъым - ар щхьэ хузэфIэкIрэ Урысейм, адыгэхэм къадэщIын теткъэ мы дунейм, зыми ил узыркъэ егъэзыгъэ хъуа адыгэхэм щхьэкIэ?... Дзэпщ Исмел и щхьэм икIыркъым ар, и гупсысэм хэт зэпытщ.

- ПщIэншэрыкIуэ дымыхъумэ арат Хъущт хьэжымрэ дэрэ дызыхуейр. Гынрэ топрэ тшэфамэ, пщIэншэрыкIуэ дымыхъуауэ тлъытэнут, - жиIащ Дзэпщ Исмел.

- Инджылызым къыфхуащIэфынур сэ дэнэ щысщIэн, Исмел, сэ схузэфIэкIынуращи, гыни, топи, нэгъуэщI Iэщэ гуэрхэри фхуэдгъэхьэзыращ. Ахэр икIэщIыпIэкIэ зэрыфIэрыдгъэхьэнум иужь дитщ. Шэрджэсыр зыхэт хьэзабым щыгъуазэр мащIэкъым. Фэ фимыкIуэтыж закъуэ, - жиIащ Белл. - Урысхэм закъевмыгъэгъапцIэ, дахэ къывжаIэкIэ фемыдаIуэ, Iэщэр фымыгъэтIылъ. Европэм игу техуэнукъым Урысейм къывих лейр. Куэд яхьыжынукъым: Урысейм теуэнущ европей къэралхэр, абы и Iэ-и лъэр япхынущ - лей зэрихьэжыфынукъым дяпэкIэ, ар хуадэнукъым...

Махуэ тIощIым щIигъукIэ гъуэгу тетащ адыгэ лIыкIуэхэр. Лондон нэсри, зы махуи загъэпсэхуакъым: зылъежьам и ужь ихьащ. Зы кхъухь из Iэщэ щIэлъэIуати, кхъуитI-щыкIэ къагъэгугъащ.

Инджылыз пащтыхь гуащэм къахуигъэкIуам, зиусхьэн Дуглас, иригъэблэгъащ лIыкIуэхэр. ЛIы гъур кIыхьщ Дуглас, лIыкIуэхэм къащыгуфIыкIауэ фэ тетщ. Урквартри ящIыгъущ лIыкIуэхэм. Ар я тэрмэшщ.

- Куэд щIауэ дыфкIэлъоплъ дэ, Шэрджэсым и Iуэху зытетым дыщыгъуазэщ, - жиIащ Дуглас. - НэхъапэмидывдэIэпыкъуащ, дяпэкIи дывдэIэпыкъунущ. Фэращ дэ дызителъхьэр. Урысейр къыжьэдумыкъуэмэ, хъийм икIыпэнущ. Кърым зауэм и ужькIэ дызэрызэгурыIуащи, дэ дызэрывдэщIри дызэрывдэIэпыкъури Урысейм ищIэ хъунукъым.

Дуглас и иужьрей псалъэр шэуэ къытехуащ Дзэпщ Исмел. «Инджылыз меджлисым дыкъыщагъэпсэлъэнукъым - арaщ мы зиусхьэным и псалъэм къикIыр», - гу лъитащ Дзэпщ Исмел.

- Зы лъэIу сиIэт, - жиIащ Дзэпщ Исмел. - Инджылыз меджлисым сыкъыщыпсалъэ хъунукъэ?

- Хъунущ. Сыт щIэмыхъунур? Дэ зыми и жьэ дубыдыркъым, - жэуап къритащ Дуглас. - Iэщэ зэрывэттыр къыхэбгъэщынкIэ Iэмал зимыIэщ - ар зыщумыгъэгъупщэ закъуэ. Дакъикъибл нэхъыбэкIэ укъэпсалъэ хъунукъым. Парламентым хэтхэм дакъикъитхущ иратыр.

ПIалъэр къыщысым, шэрджэс лIыкIуэхэр парламентым яшащ. Дзэпщ Исмел псалъэр къылъысащ. Джеймс Белл къыбгъурыуващ - ар тэрмэшщ.

КIыхь зригъэщIакъым Дзэпщ Исмел: дакъикъиблкIэ фIэкI уамыгъэпсэлъэнумэ, уигу къеуэ псор дауэрэ яхуэпIуэтэн? Нэхъыщхьэм гу лъаригъэтащ: лъыгъажэ зауэм зэрыхэтым, ар къазэрытехьэлъэм, дэIэпыкъуэгъурэ къадэщIынрэ зэрамыIэм. Инджылыз парламентым иритащ Шэрджэс меджлисым дуней псом зэрызахуигъазэ Псалъэр.

* * *

- СЭ СЕЖЬЭН хуейщ, си унафэм къедаIуэ, - жриIащ генерал Евдокимовым полковник Сердюковым. Мейкъуапэ къыщыщIэдзауэ Псыхуабэ нэс къэзакъ плъырхэр гъуэгум тегъэувэ: шэрджэс абрэджхэр къеджэдэжьэнкIэ мэхъу. Фахуэсакъ абыхэм, фыбэлэрыгъмэ, фыIуапIэн хьэзырщ.

- ДатеплъэкъукIынкъым! - жери пэшым щIэкIыжащ Сердюковыр.

И закъуэ къыщынэм, генералыр гупсысэм хэджэрэзащ: «Кавказым и тетыр щIэх дыдэ къызэджэн си гугъащ - щхьэ зигъэгувэрэ? Сыкъызэрытричыр ищIэркъэ? ЩIымахуэр къиихьэху къызэджакъым, иджы гъуэгум щызекIуэгъуейщ. Зыри къыщыщIынтэкъым тетым, езыр къакIуэрэ псори и нэкIэ зригъэлъэгъуатэмэ. МафIэм дызэрыхэтыр ищIэркъэ? Кавказым дзэуэ исым IэтащхьЭ щыхуащIакIэ, ар и къалэнщ зиусхьэн Романовым. Дэ ди псэ деблэжыркъым, лъы догъажэ, фIыщIэр зылъысыр езыхэращ. Пащтыхьым сигу ебгъэркъым: къулыкъукIэ сыдригъэкIуэтеящ, къызэтащ, граф цIэр къысфIищащ. Кавказми къэкIуащ, ди Iуэху зытетыр и нэкIэ зригъэлъэгъуащ, бгырысхэр зэрыхьэкIэкхъуэкIэр и нэгу щIэкIащ. ФIыщIэ къыхуащIыным щIэнэцIым и щхьэ зэрыхьщ, дэ ди IэнатIэр зэуапIэрщ...»

Евдокимовым и нэгу щIэт зэпытщ мафIэ щIадзэурэ зэтрагъасхьэ жылэхэр, гужьеяуэ мэзым щIэлъэдэж сабийхэр, и тхьэкIумэм икIыркъым абыхэм я гъы макъыр. А псори къыфIэIуэхукъым генералым, и нэгум щIэт, и тхьэкIумэм ит зэпыт щхьэкIэ, къыхэскIыкIынукъым - зэсэжагъэжьщ лъэгуажьэм къэсу лъыуэ зыхэтар. ЩIэгузавэр нэгъуэщIщ: Кавказым и тетым щIриджэрщ. «Къулыкъум сытригъэкIынкIэ хъунукъэ? Ари къызищIэфынущ. И нэфI къызэрыпщыхуэщ... Зауэр и кIэм нэзгъэблэгъащ, зы махуэ сепсыхакъым. Иджы лъэныкъуэ срагъэзэмэ, си вагъуэр ижауэ арaщ. Хэт Ермолов сымэ зигу къэкIыжыр? Ермоловракъэ Къэбэрдейр зыгъэбэяуар? И цIэ ираIуэжрэ иджы? Езыр зи пIэ иува Барятинскэрщэ? Засс, Вельяминов, Филипсон сымэ-щэ? Ящыгъупщэжащ ахэри. Къулыкъур сIэщIахрэ лъэныкъуэ срагъэзэмэ, сэри арaщ къыспэплъэр. Къулыкъум сытрихун мурад ищIми, и къуэш нэхъыжьым, ди императорым, къыхуидэнкъым: ар къысщытхъуащ, фIыщIэ къысхуищIащ: «Шэрджэсхэм я джабэр щIэбудащ», - жери. Хьэуэ, си IэнатIэр сIащIахын си гугъэкъым, ахэр сэ къысхуейщ иджыри - зауэр и кIэм нэдгъэсыху...»

Евдокимовыр зэрымыгугъауэ къыщIэкIащ: Кавказым тет хуащIа Романовыр къыщыгуфIыкIащ, IэплIэшэкIкIэ иригъэблэгъащ. Шэрджэсхэм иращIылIа зауэр здынэсам щIэупщIащ тетыр. Евдокимовым кIыхь зригъэщIакъым:

- Мы гъэм и гъатхэм кIэ еттынущ шэрджэсхэм.

- Ар дэгъуэкъэ! - гуфIащ тетыр. - Пащтыхьри сэри дыпщогугъ абыкIэ. ТекIуэныгъэм дыхуеуэжьэрэкIын щхьэкIэ, сыткIэ дыбдэIэпыкъун? Сыт нэхъ ухуэныкъуэ?

- Кхъухь дыхуэныкъуэнущ. Шэрджэсхэр хым зэпрызышын кхъухь, - жиIащ Евдокимовым.

- Кхъухь фыщыдгъэщIэнкъым.

- Кхъухь дыщымыщIэмэ, Iэрэ жьэрэ зэхуэзыхь къиднэнкъым Шэрджэсым, я лъапсэр нэщI тщIынщ...

* * *

ЕВДОКИМОВЫР жьэмыгъуэ ипсэлъыкIауэ къыщIэкIащ: шэрджэсхэм я лъыр щагъэжа зауэр и кIэм нэблэгъат. Ар нэрылъагъу хъуащ 1864 гъэм и щIымахуэм.

Офицерхэм ящыщ зым игу къигъэкIыжащ: «ДебгъэрыкIуауэ бгым дохьэ. Ди дзэр щалъагъукIэ, шэрджэсхэр зэрогъащтэ. Нэхущым уэс Iув къесащ, уаещ. Жыгыщхьэм идиихьа бгырыс лIыжь дрихьэлIащ. ЛIыжьыр щхьэпцIэщ, лъапцIэщ. Плъыр хъунт лIыжьыр, уае къытехъуэри, жыгыщхьэм идиихьащ. Шэрджэс къуажэ зыбгъупщI дгъэсащ зы махуэм. ЛIы цIэрыIуэ гуэр, Щауэ КъасболэткIэ зэджэр, лIыкIуэ къытхуащIащ, къыдагъэпсэлъэн щхьэкIэ. Къару къахуэнэжатэкъым шапсыгъхэм, къытпэувыжыфынутэкъым. «Дызэвгъэпсалъэ» - арaщ ар лIыкIуэ къыщIащIар. Тыркум кIуэнущи, я гъуэгур зэпыдмыупщIмэ, нэгъуэщIым щIэлъэIужыркъым шапсыгъхэр. Хуит тщIымэ, гъуэмылэ здащтэнут. «Къэнар хьэрэм фхухъу» - арагъэнщ, дауи, ягукIэ жаIэр...»

Шэрджэс меджлисыр ягъэса нэужь, шэрджэсхэр зэувэлIэжыфакъым - я щхьэр я лажьэщ псоми. Меджлисыр щэнейрэ зэхуэсати, я акъыл зэтехуакъым, дзыхь зэхуащIыжыртэкъым.

Занокъуэ Къарэбатыр игу къокIыж и адэми, Сэфарбий, меджлис къызэригъэпэщын мурад зэриIар. Ар и хъуэпсапIэ зэпытащ Сэфарбий, дунейм тетыху, - къехъулIакъым...

Занокъуэ Къарэбатыри арат и гуращэр - шэрджэсхэр зэгуигъэхьэныр. Зыри къедэIуакъым абы. Къэрабгъэм ящыщтэкъым Къарэбатыр, нобэ къэшынауэ къыфIэщIащ - Тхьэм ищIэнщ къызыхэкIар.

Шэсри, БжьэдыгъукъалэкъикI гъуэгум техьащ Къарэбатыр. Нобэ нэщIщ гъуэгур. Дыгъуасэ дзэ фIыцIэр щызэхэзекIуащ, шыбжькIэ ялъэф топхэм къаIэт сабэм Iур икудауэ.

Гупсысэ мыфэмыцхэм къыхэкIыфыркъым Занокъуэ Къарэбатыр: «МазитI и пэкIэ хуэстха лъэIум жэуап къритакъым пащтыхьым. Езыр зыгуэр хуей хъумэ, мэкъакъэ-мэкIэцI. Щыхуэмейм деж дэгусагъро зещI. Хуеймэ, и унафэр икъутэжыфынущ пащтыхьым. Абазэхэхэм ягъэкъуаншэр Евдокимовыращ, къагурыIуэркъым пащтыхьым и Iизын хэмылъауэ генералым зы лъэбакъуи зэримычынур. Дызыщымыгугъыным дыщыгугъащ, дыкъаплъэнэфти, дыплъэкъуащ. Сыт иджы тщIэнур, сыт къытпэплъэр? Нэгум щIэлъыр лъэгум кIуащ жыхуаIэракъэ...»

* * *

ГЪУЭГУМ техуэжыркъым цIыхур - зи лъэ вакъэ изылъхьэфыр хы Iуфэм зэрохь. Уапэувмэ, къодэIуэжынукъым зи щхьэр щIэзыхьахэр. Сыт Тыркум къащыпэплъэр - ар зыми ищIэркъым. Я бзи я хабзи ямыщIэми, я диныр зыщ, гущIэгъу къыхуащIынкъэ?

Я хэкур зэрыпхъуакIуэхэм щахъумащ абыхэм, я лъахэри, я къуршхэри, я хъупIэхэри, я хадэхэри къызэранэкI иджы. КъызэранэкI я адэжьхэм я кхъэхэр...

Къарэбатыри изэгъэжыркъым и унэ. «Урысейм зыхуейр зыIэригъэхьащ. Сыт урыс пащтыхьым адыгэхэм къажриIар? «Си IэмыщIэ зыкъифлъхьэн фымыдэмэ, Тыркум фыIэпхъуэ!» Шэч хэлъкъым: Урысеймрэ Тыркумрэ ди нэщIыбагъкIэ зэгурыIуащ. Тырку кхъухьхэр хы Iуфэм Iузщ. КъэралитIыр зэрызэгурыIуам щыхьэт техъуэркъэ ар? Хэкум фикIын фымыдэмэ, залымыгъэкIэ фитхунущ - арaщ урыс пащтыхьым къызэригъэгугъар. И псалъэр егъэпэж урыс пащтыхьым: дзэ фIыцIэр къариутIыпщащ, адыгэхэм лъапсэрыхыр къахуигъэкIуэн щхьэкIэ...»

Зы махуэ дигъэкIри, Занокъуэ Къарэбатыр Сошэ деж кхъухьым щитIысхьащ, и унагъуэр зыщIигъури...

ЦIыхум ягу егъащ Занокъуэ Къарэбатыр. Япэ зригъэщащ - арaщ ягу щIебгъар. Абы и ужьыр зэрахунум шэч къытрахьэркъым шапсыгъхэм: а зы гъуэгуращ псоми къащIэлъыр. Ар зэрыгъуэгу мыгъуэр къагурыIуэркъым я нэхъыбэм: Тыркур жэнэт унапIэ яхуэхъун къафIощI...

* * *

ИIЭМЫЩIЭ илъ убых унагъуэ щипIIыр здришэжьэнути, Бэрзэдж Джырандыкъуэ генерал Гейман деж кIуащ, гъуэгу тхылъ къыIрихын щхьэкIэ. Абы щыгъуазэ офицер гуэрым итхыжыгъащ: «... Шэджагъуэ нэужьым Бэрзэдж Джырандыкъуэ къэкIуащ. Тхьэмадэ пщыкIутхуи щIыгъущ. Генерал Гейман къащыдыхьэшхащ убыххэм:

- Си деж щхьэ фыкъэкIуа иджы? Европэр къыфщхьэщыжын фигугъатэкъэ? Дэнэ щыIэ фыкъэзыгъэгугъахэр? Слъагъуркъыми ахэр. ТопкIи фыкъагъэгугъат - топи слъагъуркъым.

- Зыми дыщыгугъыжыркъым дэ, утыкум дыкъранащ, - жэуап итащ Бэрзэдж Джырандыкъуэ. - ДыкъыщIэкIуар дывэпсэлъэн щхьэкIэщ.

- Фыкъыдэпсэлъэн мурад фщIащ? Сыт фыкъыщIыдэпсэлъэнур: фэ фыхахуэщ, фыщхьэмыгъазэщ. Хьэмэрэ фыкъыдэзэуэн фи мурад, текIуэнур къэфщIэн щхьэкIэ? - жиIащ генералым.

- ДызэрыфпэмылъэщэнуркъыдгурыIуащ, итIани къару гуэри къытхуэнащ дэ. Дызэзауэмэ, ди цIыхур хэкIуэдэнущ - абы дыхуейкъым. Дызэвгъэпсалъэ - арaщ дыкъыщIэкIуар, - жиIащ Джырандыкъуэ.

- Шыпсэ севмыгъэдаIуэ! Сэ фызоцIыху фэ! Тыркум фызэрыкIуэну гъуэгур фымыщIэмэ, абазэхэхэмрэ шапсыгъхэмрэ феупщI.

Ар жери, генералыр убыххэм ябгъэдэкIыжащ...»

Апхуэдэ жэуапщ генерал Гейман убыххэм къаритар. НэгъуэщI къыхуэнэжатэкъыми, Бэрзэдж Джырандыкъуэ и унагъуэри и IэмыщIэ илъ цIыхухэри гъуэгум хуигъэхьэзыращ, бгым кърищри хы Iуфэм къащыпэплъэ кхъухьхэм иригъэтIысхьащ...

* * *

1864 ГЪЭМ и гъатхэм Кавказым и тет Романов Михаил пащтыхьым хуитхащ: «Лабэ къыщыщIэдзауэ Псыжь псыхъуи ТIуапсэ псыхъуи ди бийхэр дэдгъэкъэбзыкIащ». Пащтыхьыр гуфIащ: «ФIыщIэр ди Тхьэшхуэм ейщ!»

Генерал Гейман хъыбар игъэIуащ: «1864 гъэм гъатхэпэ мазэм Навагин быдапIэм (иджы Сочэ) шэрджэсхэм я иужьрей гъуащхьэр щызэтетфыщIащ. Кхъухьхэм зэрогуэ шэрджэсхэр, Тыркум зэрыхьынущи. Кхъухьыр къомэщIэкI - шэрджэс куэдыIуэ щызэтрихьащ хы Iуфэм. Хы Iуфэм къэмысаи щыIэщ: бгым къикIыурэ къызэрохь. Кхъухь дыщIыхуейр арaщ. Шэрджэсхэр Кавказым идгъэкъэбзыкIын мурад щыдиIэкIэ, зы кхъухьми кхъухьитIми дрикъунукъым. Бгы дурэшхэм зыдэзыгъэпщкIуа шэрджэсхэр къызэщIыдокъуэ - зы цIыхуи къиднэнукъым бгым...»

«... Шэрджэсхэр зытедгъэкъэбзыкIа щIым къэзакъ станицэ 52-рэ нэгъуэщI жылагъуи 3-рэ идгъэтIысхьащ, унагъуэ 4374-рэ дэсщ абыхэм, - Бытырбыху хъыбар иригъэщIащ Евдокимовым. - Шынагъуэр ящхьэщыкIащ абыхэм - шапсыгъ къиднэжакъым: топи, нэгъуэщI Iэщи хуэныкъуэжкъым. Я хади я лъапси къызэранэкIащ шэрджэсхэм: гъавэ щыщIэнукъым мы лъахэм къэдгъэIэпхъуэхэр - псори я хьэзырщ, дыпсэунщ жаIэмэ...»

* * *

КАВКАЗ зауэм кIэ зэригъуэтам и щIыхькIэ Къуэбыдэ дзэр щиувыкIащ. Псори нэжэгужэщ - я хьэм бажэ къиубыдащ жыхуаIэращ. Кавказым и тет Романов Михаил дзэм и пащхьэ иуващ, абы и щIыбагъ къыдэтщ генералхэмрэ офицерхэмрэ.

- Кавказ зауэм кIэ игъуэтащи, абы щхьэкIэ сынывохъуэхъу, - дзэм къахэгуоуащ Романовыр. - ЛIыгъэ зефхьащ фэ! ФIыщIэ хузощI фэ фщыщ дэтхэнэми! ФIыщIэ хузощI ди Тхьэшхуэм! Зауэм хэкIуэда лIыхъужьхэр зэи тщыгъупщэнукъым дэ: лъы ягъажэурэ къазэуащ абыхэм мы лъахэр - ар псэупIэрэ тыншыпIэрэ тхуэхъунущ дэ!

Я жьафэр къехыркъым генералхэми, офицерхэми, сэлэтхэми - псоми я гуфIэгъуэщ. Махуэри уэфI дыдэщ нобэ - 1864 гъэм накъыгъэ мазэм и 21-м...

Къуэбыдэ щиувыкIауэ зэщIэгуауэ дзэм зырыз-тIурытIурэ блокI я лъэпкъэгъухэм къакIэрыхуахэр - хы Iуфэращ ахэр здэпIащIэр: нэгъуэщI къахуэнэжакъым. Я хэкум лъапсэрыхыр къыхуагъэкIуащ...

* * *

КАВКАЗ зауэм кIэ игъуэтащ. КIэ зымыгъуэтыр адыгэхэм къатепсыха насыпыншагъэрт. Зауэм къелахэм я щхьэр щIахьащ, бгым къикIыурэ хы Iуфэм зэрохь.

Хы Iуфэм зэрыхьми, я гугъэр хахыжакъым: гуващIэхами зэгуэр къагъэзэжынкIэ хъунущи, ар гурыфIыгъуэщ.

Зауэм и кIэр зи нэгу щIэкIа гуэрым, Тихомиров Л. А. игу къегъэкIыж: «... Шэрджэсхэр я лъахэм ирахун щIадзакIэт, дэ Темрыкъуэ къалэ цIыкIум дыщыдэсам щыгъуэ. Дагъыстэным зауэр зэрыщекIуэкIамрэ Щамил зэраубыдамрэ сэ сызэрыщыгъуазэр а псор зи нэгу щIэкIахэм я гукъэкIыжхэмкIэщ. Псыжь адрыщIрэ хы ФIыцIэм и Iуфэмрэ зауэр зэрыщекIуэкIар си нэкIэ слъэгъуауэ сыщыгъуазэщ. А насыпыншагъэм и хъыбар гууз Iэджи срихьэлIащ, ар зи нэгу щIэкIахэм ятхыжауэ. Сэри сытетхыхьын мурад сиIащ а зауэ гущIэгъуншэм, хъыбар куэд зэхуэсхьэсауэ щытащ, ауэ а псор стхыжыным сыхунэсакъым, щхьэусыгъуэ гуэрхэм къыхэкIри».

КъуэкIыпIэ Кавказыр къазэуа нэужь, Барятинскэм дзэпщхэр Тэрчкъалэ (Владикавказ) щызэхуишэсауэ щытащ. КъухьэпIэ Кавказыр къэзэуа зэрыхъунум тепсэлъыхьын щхьэкIэ.

Генерал Филипсон зэрилъытэмкIэ, шэрджэсхэм уагурыIуэфынут, мафIэ ящIумыдзэми, - ар абы щигъэунэхуащ абазэхэхэм я деж. Ар щхьэгъэпцIэжущ Барятинскэми адрей урыс дзэпщхэми зэралъытар.

Шэрджэсхэр хэзэгъэнукъым Урысейм, игъащIэ лъандэрэ щхьэхуитщ ахэр, зым и IэмыщIи илъакъым ахэр - арaщ IэрыубыдщIыпхуэмыщIынур. КъыщомыдэIуэнукIэ, IэщэрэмафIэкIэ хэгъэзыхьын хуейщ. Урысейм еплъытмэ, шэрджэсхэм тхыдэм и гъуэгуанэ кIыхь къызэпачащ. Пасэрей алыджхэм япыщIауэ щытащ шэрджэсхэр, илъэс мин зыбжанэм и кIуэцIкIэ зэрыпхъуакIуэ куэд къещащ шэрджэсхэм я хэкум, къеща щхьэкIэ, я лъэгу щIагъэувэфакъым: зэрыпхъуакIуэхэр е зэхакъутащ, е езыхэр зэщIэкIуэжащ, шэрджэсхэм фIырыфIкIэ уазэрыпэмылъэщынур къагурыIуэурэ. Я хэкури я щхьэри зэрахъумэжыфын къару яIэти, абы къыкъуэгушхукIырт шэрджэсхэр, зи щхьэр бийм хуэзыгъэщхъ лъэпкътэкъым ахэр. Тыркухэр динкIэ къагухьэми, абыхэм я IэмыщIи зралъхьэн мурад яIэтэкъым шэрджэсхэм, IэщэкIэ къалъихьэрэ - абыхэм зэрызрагъэцIыхужын къару ябгъэдэлът шэрджэсхэм. Урысейм и гугъу пщIымэ, IэщэкIэ фIэкI ахэр IэрыубыдяхуэщIынутэкъым.

Евдокимовым къыгурыIуащ ар щIэх дыдэ. Шэрджэсхэм уахэзэгъэнукъым, уи лъэгум щIумыгъэуваувэ. УатегуплIэрэ хэбгуэмэ, итIанэщ шэрджэсхэр жыIэдаIуэ щыхъунур. Ар хузэфIэмыкIмэ, Урысейр зэи тыншынукъым. Европейхэмрэ тыркухэмрэ зауэ къращIылIэмэ, Урысейм и Iуэхур хэплъэгъуи шынагъуи хъунущ. Шэрджэсхэри къадэщIынущ абыхэм - арaщ шэрджэсхэм кIэ етыпэн щIыхуейр. Дауэ кIэ зэрептыфынур? И ныкъуэр зэтеукIауэ, и ныкъуэр хэкум ихун хуейщ. Абы яхутекIакъым Евдокимовыр, хэт кърыпэрыуами, хэт къечэнджэщами. ЩIэныгъэ лъэпкъ имыIами, акъылыншэкIэ уеджэнтэкъым Евдокимовым, жыжьэ плъэфырт: шэрджэсхэр зэтраукIэмэ, е лъэныкъуэ ирагъэзмэ (я хэкур ирагъэбгынэмэ), Псыжь къыщыщIэдзауэ хы ФIыцIэм и Iуфэм нэс Урысейм ей хъунут...

БарятинскэмзэрилъытэмкIэ, захуэт Евдокимовыр. Дагъыстэнхэр зэтриукIакъым Барятинскэм: я пIэ иригъэтIысхьэжри, я хэкум кърилнащ...

Шэрджэсхэм я Iуэхур щхьэхуэщ. Евдокимовыр щIэзахуэр арaщ: е дэ, е ахэр - дязыхэзщ, лъэпкъитIри дизэгъэнукъым а хэкум. ДызэдэпсэуфынукъыМ: зым кIэ етауэ, адрейм лъахэр къахуэнэн хуейщ. Урысхэм кIэ ягъуэт нэхърэ нэхъыфIщ, лъахэр къахуэнэмэ. КIэ зыгъуэтын хуейр шэрджэсхэращ... Евдокимовым акъылэгъу дэхъуащ Барятинскэр - Кавказым и дзэпщ нэхъыщхьэр...

Дзэпщ нэхъыщхьэр бгырысхэм ящыгъуазэщ 1835 гъэ лъандэрэ. Абыхэм езауэурэ, зыбжанэрэ уIэгъэ хъуащ Барятинскэр. Зы хъуэпсапIэ иIэщи, абы хуэнэхъуейщ: Ермоловымрэ Воронцовымрэ ящхьэпрыкIыжмэ, и цIэр Iунущ. Бгырысхэр иджыри къэс я лъэгу щIагъэувэфакъым урыс дзэпщхэм, Барятинскэм ар хузэфIэкIынущ: КъуэкIыпIэмкIэ щыпсэу лъэпкъхэр хигуащ, къыхуэнэжар шэрджэсхэрщ. Дауэ, сыт хуэдэ щIыкIэкIэ ахэр зэрыхигуэнур? ЛIакъуэлIэшщ Барятинскэр, щIэныгъэ иIэщ, уэркъ хабзи хэлъщ, зэуэнщ къызыхуигъэщIар - абыкIэ лъэрымыхьыкъым. Ауэ...

«Ауэращ» хэзыгъаплъэр: лъэпкъ псо зэтебукIэ хъурэ? Егупсысагъэнщ абы «уэркъыгъэм» иригушхуэ дзэпщыр. Куэд дыдэкIи егупсысагъэнкъым: лъэпкъ жыIэмыдаIуэм и лъапсэм псы игъэжыхьыжын хуейщ - арaщ зытриубыдар. Апхуэдэ чэнджэщкъэ Евдокимовым кърихьэлIэр? Щхьэ емыдаIуэрэ абы? Захуэ хъунщ Евдокимовыр: шэрджэсхэм я лъапсэм псы игъэжыхьыжын хуейщ. И чэзу хъуащ. Пащтыхьым хъыбар егъэщIэн хуейщ, лъэпкъ псо зэтебукIэн мурад пщIамэ, - арыншауэ хъунукъым: Европэм псалъэмакъ къыщаIэтынкIэ мэхъу - абы пащтыхьри езыри хуейкъым, я нэ къыхуикIыркъым апхуэдэ псалъэмакъым. Генерал Филипсон абазэхэхэм ягурыIуэн хузэфIэкIащ, ахэр я пIэ иригъэтIысхьэжыфауэ щытащ. Барятинскэм апхуэдэ мурад гуэр иIагъэнкIэ мэхъу - хунэсакъым: 1861 гъэм сымаджэ хъури, гукъыдэж иIэжакъым, къыкIэлъыкIуэ гъэм Кавказым икIыжын хуей хъуащ, и гъащIэр нэгъуэщI къэралхэм щигъэкIуащ итIанэ, дунейм щехыжари арaщ...

Шэрджэс хэкур къэзызэуам и фIыщIэр къылъысакъым Барятинскэм, фIыщIэ къызэрихьар Евдокимовым гъуэгу зэрыритамрэ абы акъылэгъу зэрыдэхъуамкIэщ.

Евдокимовым акъылэгъу къыдэхъуащ пащтыхь Александр ЕтIуанэри - аратэкъэ шэрджэсхэм къажезыIар: «Зыкъэфтын фымыдэмэ, хэкум фикI».

Шэрджэсхэр ирахумэ, я щIыр нэщI хъунущи, къэзакъ игъэтIысхьэ - ар зыщигъэгъупщакъым Евдокимовым: адыгэ хэкум из ищIащ къэзакъ жылагъуэхэр. Абыхэм къыдахуахэр, шэрджэсхэр, хэт гъуэгум телIыхьащ, хэт хы Iуфэм IукIуэдащ. Къелар Тыркум Iэпхъуащ...

*ЗэзыдзэкIар*
**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

**Адыгэ зауэлIхэр гъуэгу тохьэ.**
*Сурэтыр зыщIар тщIэркъым. 1828 гъэ*

«Спартак-Налшыкым» бжыгъэр къызэIех.

● Футбол

Гуэщокъуэ Арсен (№9) и зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэ.

# ЩIэблэм папщIэ

**Хэку зауэшхуэм и зэман хьэлъэм халъхуа Кумыщ (Доткъуэ) Лиээ сабинтъэ тэшц иIакъым. Офицеру щIта и адэр зауэм хэкIуэдащ, анэм къыбгъэдэна сабийм зэштегъэупIэу, ныбжьэгъу пэжу иIар тхылъхэрщ.**

● Фэеплъ

- ЦIЫХУХЭР мэжэщIалIэу, яшхын ямыгъуэту псэу пэтми, абыхэм сыт щыгъын тхылъыр я Iэпэгъут, - игу къигъэкIыжырт Лиээ. - Колхоз лэжьыгъэхэм къадэхуауэ, шэджагъуашхэ щащIкIэ, къуажэдэс мэкъумэшыщIэхэм занщIэу газетхэмрэ тхылъхэмрэ зратырт. Пэжщ, а зэманым тхылъ щIагъуи щыIакъым, зы тхылъ къагъуэтамэ, зэIэпахыу еджэу арат.

Лиээ Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Псынэдахэ къуажэм 1941 гъэм къыщалъхуащ. Хъыджэбз цIыкIур егуГуу щеджащ курыт школым. ЩIэныгъэм и щэхуэхэр япэу къыхуэзIуэзыха егъэджакIуэхэзу КIурашын СультIанрэ Бэчкан Лирэрэ я дерс егъэкIуэкIыкIэхэр гукъинэ щыхъущ Лиээ.

- ЩIэныгъэ куу зыбгъэдахэ, сабиипсэр фIы куэдым къыхуэзыгъэуш цIыху щыпкъэхэр си гъуэгугъэлъагъуэу сэри сыхуеджащ егъэджакIуэ ЕщIагъэм, - жеIэ Лиээ.

Къуажэм дэт курыт школыр къиухри, Лиээ 1963 гъэм щIэтIысхьащ КъБКъУ-м урысибгъэмрэ литературэмкIэ и къудамэм. Зэрихабзэу, пщащэм егуГуу, еш имыIэу щIэныгъэ эригъэгъэгъуэтащ. Зэреджэм хуэдэу, абы лэжьэн щыщIидзащ Псынэдахэ къуажэм дэт курыт школым. 1968 гъэм Лиээ и лэжьыгъэм щыпищащ Къуалкъужьи Ищхьэрэ къуажэмэ. Абы дэт курыт школ №4-м наIуэ къыщыхъуащ егъэджакIуэ нэсым и Iэзагъыр, гъэсакIуэ гумызагъэм и IэкIуэлъакIуагъэр. Аущэ абы и Iуэху зехьэкIэм щыгъуазэ хъуащ жыIэри куейри.

- ЕгъэджакIуэ Iэзэ уэхун щхьакIэ, псом япэу уегугъуу уеджэн, апхуэдэуи улэжьэн хуейщ, - и гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ Лиээ. - Апхуэдэу мыхьэнэшхуэ иIэщ егъэджакIуэ нэхъыжьхэм, Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIэм я щапхъэми. А псори зыми щыщхьам, сабийхэр фIыуэ умыльагъумэ. Ар щынэхъыщхьэщ егъэджанныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм.

ФIыуэ ильагъу IэщIагъэм Лиээ ирилэжащ илъэс 49-кIэ. Къуажэ сабийр иригъаджэу, игъасэу зэман кIыхьыкIэ пщIэ иIэу зэжьащ, егъэджакIуэр зыми епэгэкIыркъым. Ар Iэдэбщ, цIыху щэхущ. Езым хуэдэу зэпIэзэныгъэр нубыдащ. Абыхэм япэжыжьхьым Владикавказ и «Алания»-ри.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтущынщ япэ дивизионым хэт командэхэм иужьу ирагъэкIуэжIа джэгугъуэ махуэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Мордовия»** (Саранск) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:0, «Сибирь»** (Новосибирск) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:1, «Енисей»** (Красноярск) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **1:0, «СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **2:1, «Газовик»** (Оренбург) - **«Уфа»** (Уфа) - **0:0, «Шинник»** (Ярославль) - **«Химик»** (Дзержинск) - **4:0, «Торпедо»** (Мэзкъу) - **«Салют»** (Белгород) - **2:1, «Арсенал»** (Тулэ) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **0:3.**

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр фокIадэм и 22-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Дзержинск къалэм щIыпIэ «Химик»-м щы-IущIэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# ЗыIэщIагъэкIа текIуэныгъэ

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ротор» (Волгоград) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 16-м. ЦIыху 1050-рэ еплъащ.**

**Судьяхэр:** Вилков (Новгород Ищхьэрэ), Данченкэ (Уфа), Кудрявцев (Санкт-Петербург).

**«Спартак-Налшык»:** Цыган, Засеев, Овсиенкэ (Суслов, 57), Тимошин, Гарбуз, Щэуей, Руа, Коронов (Рухаиа, 72), Чеботару, ЛIуп (Сиралзе, 60), Гуэщокъуэ.

**«Ротор»:** Пчелинцев, Глушков, Васянович, Ламанж, Тен, Лукьяновс, Фомин, Ставпец (Устинов, 89), Комаровский (Коротаев, 75), Аппаев (Зинин, 87), Рылов (Архипов, 65).

**Топхэр дагъэкIащ:** Тимошиным, 60 (1:0). Архиповым, 83 (1:1).

**Дагъэ кыьхуащIащ** Тимошиным, Засеевым, Щэуейм, Тен, Архиповым.

**Джэгум кыьхахуащ** Засеевыр.

«РОТОР»-р Налшык къэкIуат, нужьрей джэгугъуитIыр иригъэхьхуауэ ягъэ. Ар щыгъэ къыкIыну щIэхьэупсу. Ди щIалэхэри нужь увыпIэхэр ябгынэну куэд щIауэ щIохьэпс. Абы кьыхэкIыу мы зэIущIэр хуабжьу удэзыхьэх хьуащ.

«Спартак-Налшыкым» и джекIэ дэтхэнэ зы джэгугъуэми иджыпсту мыхьэнэшхуэ иIэщ. Зэман кIыхь хьуауэ щыгъыкIэ гугъум къызэримыкIыфым абы и лъэр щIегъэхуэзыпыту, къыдэщIхэм я щIыб къахуригъэгъэзащ. Зы текIуэныгъэ-текIуэныгъэ-тIым Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ эригъэхъуэжьфынут, арщхьэкIэ апхуэдэ зэфIэкI налшыкдэсхэм зэкIэ кьакъуэкIыркъым. Мис аргуэрыи я Iмыщ Iэм и лъэкъпльыгъэ хьуну текIуэныгъэ зыIэщIагъэкIащ.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэм «Спартак-Налшыкым» и тепщэныгъэр апхуэдизкIэ инти, топ зыбгъупщI абы и хьэрхуэрэгъум худи гъэкIыфыну щыгъащ. Гуэщокъуэ Арсен и закъуэ Iэмал зытIущ иIащ. Хъаджэку жыдэжрт ЛIуп Исльам. УебIэмэ зыщхьуа щыхьуа щыIэщ Короновыр «Ротор»-м и гъуащхьэхъумэ псоми и закъуэу щаIэщIэкIа. АрщхьэкIэ дапхуэдизу гугъу зрамыгъэхьами, емылIэлIами, Iуэхум зыри кынкIакъым. Хьэщ Iэхэр япэу ди гъуэм къыщыбгъэдыхьар 45-нэ дакьикъэрщ.

Апхуэдизу тепщэныгъэ иным гуа-щIэхами екъулIэныгъэ къринкIуэн хуейт. Абыи зыпигъэпльэщакъым. Гъуащхьауэхэм я Iуэхухэр къыщимыкIым, ди гъуащхьэхъумэхэр щIэгъэкъуэн яхуэхьуащ: Засеевыр щебгъэкIуэным, волгограддэхэм я штрафноIм пэмыжьыжьу ирадащ. Руа ар игъэзэщIа нужькIэ, хьэщIэхэм я гъуэм и дежи зэрыгъэхьэ къыщыхуащ икIи Тимошиным бжыгъэ къызэIуихащ.

1:0-у «Спартак-Налшыкыр» япэ ищащ. Иджы нэхъыщIэхэр текIуэныгъэр кьаухуэзыхь а бжыгъэр сыхьэт ныкъуэкIэ яхъумэнырт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, налшыкдэсхэм ар яхуэзфIэкIакъым. Джэгур иухыным дакьикъэ зыбгъупщI фIэкIа имыIэжу, «Ротор»-м и гъуащхьэхъумэ Глушковыр ижьырабгъумкIэ псынщIэу кIуэцIрыкри, топыр кьыхитащ икIи абы япэу нэса Архиповым щхьэкIэ ар Цыган зыдэт гъуэм дигъэкIащ.

АджкIэ текIуэныгъэм зэрыщIэбэныи кьару ди щIалэхэм яIэжтэкъым. А псом ищIыIужкIэ я капитан Засеевым судьям етIуанэу дагъуэ кьыхуищIри, джэгум кьыхиухуащ.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым 2013 - 2014 гъэхэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм и Iыхьэ щанэр зэфIэкIащ. Абы иджыри къэс «Спартак-Налшыкым» дэщIхэм дэрэжэгъуэ къаритакъым. АдэкIэ зэрыхьум деплынщ. Абы щыгъуэми зэпеуэм зэрыщIидзэрэ бжьыпэр зыIыгъа «Арсенал»-м ар зыIэщIигъэкIащ, и стадионым щыдэжгужу Владивосток къикIа «Луч-Энергия»-р бжыгъэшхуэкIэ зытригъаIуэри. Тулэдэхэр зэрыльэпэрэпар «Мордовия»-м Iэзэу кьигъэсбэпащ икIи «Балтика»-р хигъэщIари, пашэныгъэр иубыдащ. Абыхэм япэжыжьхьым Владикавказ и «Алания»-ри.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтущынщ япэ дивизионым хэт командэхэм иужьу ирагъэкIуэжIа джэгугъуэ махуэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: **«Мордовия»** (Саранск) - **«Балтика»** (Калининград) - **1:0, «Сибирь»** (Новосибирск) - **«Алания»** (Владикавказ) - **1:1, «Енисей»** (Красноярск) - **«Нефтехимик»** (Нижнекамск) - **1:0, «СКА-Энергия»** (Хабаровск) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **2:1, «Газовик»** (Оренбург) - **«Уфа»** (Уфа) - **0:0, «Шинник»** (Ярославль) - **«Химик»** (Дзержинск) - **4:0, «Торпедо»** (Мэзкъу) - **«Салют»** (Белгород) - **2:1, «Арсенал»** (Тулэ) - **«Луч-Энергия»** (Владивосток) - **0:3.**

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр фокIадэм и 22-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Дзержинск къалэм щIыпIэ «Химик»-м щы-IущIэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и япэ дивизионым зэхьэзэхуэр зэрыщкIыр**

| | Командэхэр | Дж. | Кь. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | «Мордовия» | 13 | 9 | 1 | 3 | 23-11 | 28 |
| 2. | «Арсенал» | 13 | 8 | 2 | 3 | 25-13 | 26 |
| 3. | «Алания» | 13 | 7 | 4 | 2 | 15-9 | 25 |
| 4. | «СКА-Энергия» | 14 | 6 | 5 | 3 | 14-14 | 23 |
| 5. | «Шинник» | 14 | 6 | 4 | 4 | 17-14 | 22 |
| 6. | «Газовик» | 14 | 5 | 6 | 3 | 17-12 | 21 |
| 7. | «Уфа» | 13 | 6 | 2 | 5 | 14-14 | 20 |
| 8. | «Луч-Энергия» | 13 | 5 | 4 | 4 | 11-16 | 19 |
| 9. | «Енисей» | 14 | 5 | 4 | 5 | 15-19 | 19 |
| 10. | «Химик» | 13 | 5 | 4 | 4 | 10-15 | 19 |
| 11. | «Салют» | 13 | 4 | 5 | 4 | 12-9 | 17 |
| 12. | «Сибирь» | 14 | 4 | 5 | 5 | 16-18 | 17 |
| 13. | «Ротор» | 13 | 4 | 4 | 5 | 14-11 | 16 |
| 14. | «Торпедо» | 13 | 4 | 4 | 5 | 11-11 | 16 |
| 15. | «Балтика» | 13 | 4 | 3 | 6 | 11-14 | 15 |
| 16. | «Динамо» | 12 | 3 | 3 | 6 | 9-15 | 12 |
| 17. | «Спартак-Налшык» | 13 | 2 | 6 | 5 | 9-18 | 12 |
| 18. | «Нефтехимик» | 12 | 1 | 4 | 7 | 9-13 | 7 |
| 19. | «Ангушт» | 13 | 1 | 2 | 10 | 9-25 | 5 |

● Щэнхабзэ

## Бжьыхьэр къыдогъэблагъэ!

**Бахьсэн кьалэм и щIалэгъуалэр бжьыхьэм пежьащ къафэкIэмкIэ. «Бжьыхьэм и плъыфэхэр» зыфIаща а Iуэхур и жэрдэмщ щIыпIэм щылажьэ «Галактика» щIалэгъуалэ центрым.**

ТХЬЭМПЭ дыщафэхэр куэду щыпльагъу, макьамэ дахэхэр щыIу утыку кьыщэрагъэпэщам зэпеуэ зэмылIэужьыгъуэхэр щрагъэжьэащ, кьежьэлIахэм уэрэдкIэ яхуэупсащ ПащIэ Аминэрэ БешкIур Исльамрэ.

КьэфэнкIэ зэхьэзэхуа хьыджэбзхэм ящыщу нэхь дахэу, екIуу утым итауэ кьальытащ Бешто Маргаритэ, щауэжи - Хьэжь Астемыр.

«ЩIалэгъуалэм я нэгу зэрызедгъэужьыныи яужь дитщ. Я нэгу зрагъэужь куэдей мыхьуу, ахэр хэдгъэгъуэзэнущ ди лъахэм кьыдекIуэжI хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ», - кьыхигъэщащ щIалэгъуалэ центрым и лэжьакIуэ Шыбзыхьуэ Аминэ.

**ТЫЭЩ Элинэ.**

● Экологие

## Лъахэр япэ ирагъэщIащ

ЗэпеуэкIэ и къалэн нэхъыщхьэр къыдэкIуэтей щIэблэм дыкъэзыхьуэрихь дунеим пщIэ хуащIу, ар яхьумэн зэрыхуейр кьагурыIуэу, экологием ехьэлIа щIэныгъэ лъабжьэ яIэу кьэнэзэдэкьынырщ.

5 - 7-нэ классхэм щеджэ цIыкIуэхэр зыхэта мы зи чэзу зэпеуэр Iыхьэ зыбжанэу гушIуэу екIуэкIащ: лъахэхуэгъэ, лъэпкъ тхыдэ, ботаникэ, экологие, аптекэ щхьэнтIэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэрым Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэмрэ республикэм и Эколого-биологическэ центрымрэ нтьэс ещанэ хъуауэ зэгъуэгъ ирагъэкIуэкI «Си лъахэ» зыфIаща зэхьэзэхуэр.**

● Экологие

## Лъахэр япэ ирагъэщIащ

ЗэпеуэкIэ и къалэн нэхъыщхьэр къыдэкIуэтей щIэблэм дыкъэзыхьуэрихь дунеим пщIэ хуащIу, ар яхьумэн зэрыхуейр кьагурыIуэу, экологием ехьэлIа щIэныгъэ лъабжьэ яIэу кьэнэзэдэкьынырщ.

5 - 7-нэ классхэм щеджэ цIыкIуэхэр зыхэта мы зи чэзу зэпеуэр Iыхьэ зыбжанэу гушIуэу екIуэкIащ: лъахэхуэгъэ, лъэпкъ тхыдэ, ботаникэ, экологие, аптекэ щхьэнтIэ.

**ЖАНХЪУЭТ Зуэ.**

● БэнэкIэ хунт

## Зэхьэзэхуэм зыхуагъэхьэзыр

**Шэджэм куейм олимп рэзэрахэр гъэхьэзырыныкIэ и сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэныгъэ ахьыгIэныгъэхэр щыныIэрагъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бэнэкIэ хунтымкIэ пашэныгъэр къыщыкIыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэм.**

КИЛОГРАММ 35-рэ зи хьэлъагъ ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм УФ-м спортымкIэ и мастер Нэхущ Руслан зи тренер ГъущIо Исльам япэ увыпIэр, Гъущ Iэнэ Къантемыр (абы и тренерщ СССР-м спортымкIэ и мастер, КъБР-м физическэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къуэныкъуэй Замир) етIуанэ увыпIэр къыщахьащ. Килограмми 120-м щIигъуэхэм я дэж щытекIуащ Нэхущ Руслан и гъэсэн Дыду Рашид.

Спортсмен ныбжьыщIэхэр КъБР-м и командэ къыхэхам хагъэхьащ. Абыхэм Кавказ Ищхьэрэм щекIуэкIыну зэхьэзэхуэхэм республикэм и щIыхьыр мыгувэу щахъумэнущ.

**КIАРЭ Элинэ.**

● Шахматхэр

## Зэпеуэм кърикIуахэр

Республикэм шахматхэмкIэ и 51-нэ чемпионату «Ладья» шахматшакэ клубым щекIуэкIам и блиц-зэпеуэм щытекIуащ очко 11-м щыщу 10-р зыIэрыгъэхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бэнэкIэ хуитымкIэ пашэныгъэр къыщыкIыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэм.

ЕТIУАНЭ увыпIэр кьихьащ республикэм зыбжанэрэ и чемпион хъуа Къармэ Мажмудин, жэ медалыр ящIащ Темыркъан Давид. Ахэр Налшык къалэм щыщщ.

IыхьитIу гуэщауэ екIуэкIащ чемпионатыр. Абыхэм екъулIэныгъэхэр щызыIэрызыгъэхьа шахматист 34-м щыщу нэхъ лъэщу 12-р кIэуэ зэхьэзэхуэм хэтащ.

**БАТЫР Марьянэ.**

● Лъэпкъ Iуэху

## Адыгэ псори фыкъыхудоджэ

Сирие Хьэрыпэ Республикэм щекIуэкI зауэм и зэран зэкIа ди лъэпкъэгъуэхэм защIэгъэкъуэн мурадкIэ, Урысей Сбербанкым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэ №8631-м счет хэха къыщызэIуахащ. Ди къуэшыпхъуэхэм ядэIэпыкъуну хуэхьэ дэтхэнэми мы счетым ахъшэ хилъхьэ хъунущ:

**ИНН 071104061О/ КПП 072101001**

**Расчетный счет**
**40703810060330000227**
**БИК 040702660**
**Корсчет 30101810600000000660**

**Кабардино-Балкарское ОСБ №8631, г. Нальчик, ул. Пушкина/Кешокова, 33а/72**

Адыгэ псори фыкъыхудоджэ: ІуэхуфІ влэжьыным фепІэщІэкІ! Фи дэтхэнэ сомри иджыпсту дэхуэха ди лъэпкъэгъуэхэм сэрэп зэрахуэхьуным щэч кьытевмыкьэ. Абыхэм дазэрыкьуэувэным, зэрызащІэдгъэкъуэным Іэмалу щыІэр кьыхуэдвгъэгъэсэнІ! Ди нэхьыжьфІхэм кущІэшхуэ халъхьащ «Уэзэкъуэтмэ - улъэщщІ» псалъэхэм.

● Щэхуэ

## Щхьэрыпэ Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкІ.

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ-енщIанэ кьагъэр.**


**Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд**

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖъэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыкъ Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпэн Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныдэж Замир, Хьэжыкьарэ Алик, ЩIхьэщэмыщI Иэ.**

**ТЕЛЕФОНХЭР:** редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущапхэхэм ядолажьэныкьэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ писмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущапхэм - 42-26-41; суэрэтехьм - 42-75-78.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖъэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ (3, 4, 5-нэ нап.), Щоджэн Инэ (1, 2, 6-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахьэ Анжелэ,** *суэрэтхэм елэжьар* **Гъурыкъ Мадинэ.**

**Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.**

**Газетым Іэ траджэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзащ сыхьэт 20-рэ.**

**Индексыр 51531 ● Тираж 4.820 ● Заказ №2402**


ЗэIущIэ нэужьым

**ЛЕДЯХОВ Игорь,**
*«Ротор»-м и тренер нэхъыщхьэ:*

## Псом ящхьэр дыкъыхамыгъэщIэнырт



- Иужьрей лъэхъэнэм дыкьыэзрыхута щытыкIэ гугъур къэпльытэмэ, нобэ ди дежкIэ нэхъыщхьэр дыкъыхамыгъэщIэнырт. УебIэмэ дэ дытекIуэну дыхущIэкъуащ, ауэ тхуэзфIэкIакъым.

**- Зы очко кьыэзрыфхьам арэзы фыкьынщIауэ абы кьыкIэ?**

- Нэхъыби дыхуейт, ауэ нэхъыщхьэр щытыкIэ гугъум дыкъикIынырт, ди щIалэхэм я кьарур я фIэщ хьужынырт.

**- Мы гъэм сыт хуэдэ кьалэнэхэр кьыфхуагъэува?**

- Премьер-лигэм дыхьыхьну гугъу хьунущ. Япэ дивизионым и командэ нэхъыфIихьым дахэхэну кьалэн кьытщащIащ.

**ШЫПШ Тимур,**
*«Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэ:*

## КIэухыр къыдэхъулIакъым



- КъыэзрыслытэмкIэ, нобэ дытекIуэн хуеящ. «Ротор»-м и джэгукIэр тщIэрти, абы хьарзыкIу зыхуэдгъэхьэзырат. КъыщынэмыщIауэ, ЛIупымрэ Гуэщокъуэмрэ псынщIэу ебгъэрыкIуэн хуейт. Зыкьом къыдэхъулIащ, тхуэзфIэмыкIан щыIэщ. Топ дэдгъэкIа нужькIэ бжыгъэр дгъэбэгъэуэну дыхущIэкъуащ. Абы и пIэкIэ дэ езым кьытхудагъэкIащ.

**- Медведевым щIэмыджэуар сыт?**

- Медведеви, Джудовичи, Аверьяноври сымаджщ. Бийтраги гукъыдэмыжщ. Иджы абыхэм яхьхьащ фэбжь зыгъуэта Овсиенкэрэ джэгум кьыхахуа Засеевымрэ.

**ХЬЭТАУ Исльам.**

**КьыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр**



**«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.**

**360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ебгъуанэ-енщIанэ кьагъэр.**

● Гу зылъытапхъэ

## «ЦIыхубэ участковэ-2013»

**Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм иригъэкIуэкI «ЦIыхубэ участковэ» урысейпсо зэпеуэм фокIадэм и 11-м щIидзащ. Ар хуэунэтIащ полицэм и щIэр жылагъуэм я деж щыIэтыным, участковэ уполномоченцэхэм я лъжьыгъэр егъэфIэкIуэным. Зэпеуэм и дэтхэнэ Іыхьэмэ щытекIуэн онлайн IэIэтым кьыриКIуэхэмкIэ кьыхах. Гукъыдэж зиIэ дэтхэнэми участковэ уполномоченцэ щIэм хуэфащэу кьыльытэ дэжьакIуэр кьыхихыу абы щхьэкIэ Iэ иIэт хьунущ.**

«ЦIЫХУБЭ участковэ» проектыр къэрал кIуэцI Іуэхуэхэмкіэ Іэнатіэмрэ жылагъуэмрэ полицэм и Іэщ Іагъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщым и лэжьакIуэхэм я Іуэху зехьэкIэр кьалъытэныкIэ щапхъэ хьунущ. НэхъыфIыр кьыхэзыхьнур, дауи, абыхэм зи гъащIэр яхъумэ ди щIыхэрщ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и сайтым кьыщыгъэлъэгъуащ зэпеуэм и яIэ Іыхьэм хэт полицэм и чэзуэ уполномоченцэхэм ятеухуа хьыбархэр икIи дэтхэнэми Іэмал иIэщ КъБР-м щыIэ МВД-м и район щIыналъэ Іэнатіэхэм нэхъыфIэхэр кьыщыхахыну. Зэпеуэм и онлайн IэIэтыр 2013 гъэм фокIадэм и 11 - 20-хэм йокIуэкI.

ЕтIуанэ Іыхьэм Іэ щыпIэт хьунущ 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 7 - 16-хэм. Япэ Іыхьэм щытекIуэ, КъБР-м щыIэ МВД-м и район Іэнатіэхэм нэхъыфIу кьыщалъыта участковэхэм кьыхахыну щыIнальэм щыпхьэхьэфIыр.

Зэпеуэм и ещанэ Іыхьэм и онлайн IэIэтыр (щэкIуэгъуэм и 5 - 14-хэм) УФ-м и МВД-м и интернет-сайтым кьыщызэIуахуэу щытынущ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, текIуар IэIэтым кьриКIуэхэмкIэ яубзыхунущ.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыбыдахэр Участковэ уполномоченцэм и махуэм иригъэIуэн Іэнущ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**